Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№153 (24.591) • 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

# Путин Владимир щыдаIыгъыну штаб къызэIуахащ

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР
2024, ГЪАТХЭПЭМ И 15-17

**Урысей Федерацэм и адрей хэгъэгухэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуах Путин Владимир президент хэхыныгъэхэм хэтыну и кандидатурэр къигъэлъэгъуэн папщIэ, абы и телъхьэхэм я IэщIэдзхэр щызэхуахьэс хэщIапIэ. КъБР-м и Профсоюзхэм я унэм къыщыунэхуа штабыр жэщ-махуэм зэпымыууэ лэжьэнущ, IэщIэдзхэр зэхуэхьэсын щэкIуэгъуэм и 23-м щIадзэнущ. ЩIыналъэ штабым и унафэщI Дадэ МуIэед зэрыжиIамкIэ, республикэм икIа лIыкIуэхэр хэтащ Москва щекIуэкIа зэхуэсым, абы щызэхыхьащ Урысейм и президент хэхыныгъэхэм Путин Владимир хэтыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуа гуп.**

«Дэ иджыпсту долъагъу зы къэрали щымыIэ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэр ди деж зэрыщызэфIэувэр - къэрал псом деIыгъ иджырей Президентым и кандидатурэр. Зарядье щекIуэкIа зэIущIэм щызэхуэсат политикхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, артистхэм, блогерхэм нэмыщI, къызэрыгуэкI цIыхухэри: дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, абы щыIахэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.

Шэч хэмылъу, Путин Владимир пашэщ. Ар къэрал унафэщIу щытыныр деIыгъ дэтхэнэ зы урысей цIыхуми. Путиныр ди къэралым и щхьэхуитыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зыхъумэфын, нэхъ быдэ зыщIыфын цIыхущ. Нобэ къызэIудох Путин Владимир и хэхыныгъэ штабу Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьэнур, - жиIащ Дадэм зэIущIэм и пэщIэдзэм.

Апхуэдэ штаб къыщызэIуахащ Москва щыIэ Гостинэ двормии, абы и унафэщIхэщ



Машков Владимир, Жогэ Артем, Лысенкэ Марьянэ сымэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьэну штабым и жэрдэмщIакIуэ гупым хэтщ Текуев Амырбий, Нэхущ Чэрим, Ореховэ Каринэ сымэ. ХэщIапIэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ Бакаев Евгений, Амщокъуэ ФатIимэт, Парафилов Дмитрий.

«Иджыпсту Путин Владимир дэтIыгъын хуейуэ къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди хэкум и шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщу, и къэкIуэнури дахэ хъунымкIэ сэбэп хъунущ», - жиIащ Нэхущ Чэрим.

Текуев Амырбий къыхигъэщащ ди Президентыр дуней псом пщIэ щызиIэ лIыщхьэу зэрыщытыр, абы и Iулыджым зыри къызэрытемыкIуэнур.

Путин Владимир и кандидатурэр президент къулыкъум щхьэкIэ къагъэлъэгъуэн папщIэ щIышылэм и 31 пщIондэ Урысейм и ЦИК-м IэщIэдз мин 300 ирагъэхьын хуейщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий дыгъуасэ щыгъуазэ зыхуищIащ Москва щекIуэкI «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и утыкум езыр зи пашэ щIыналъэм хыхьэ щIыпIэхэм ирахьа экспозицэхэм. КИФЩI-м и унафэщIхэм я лIыкIуэхэм лIыщхьэр щыгъуазэ хуащIащ я гъэлъэгъуэныгъэхэм къызэщIрагъэубыда унэтIыныгъэхэм. Абыхэм хохьэ щIыналъэхэм я тхыдэм, щIыуэпс телъыджэ къызэрымыкIуэм, промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, щэнхабзэмрэ туризмэмрэ щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.**

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм и утыкушхуэхэм щигъэлъагъуэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ, куэдым яфIэхьэлэмэтщ. Махуэ къэс а утыкухэм щокIуэкI лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыгъуазэ ухуэзыщI мастер-классхэр, творческэ гупхэм зыкъыщагъэлъагъуэ, интерактивнэ Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэри къыщызэрагъэпэщ. КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм махуэ къэс йоплъ цIыху мин бжыгъэхэр.

«Кавказ Ищхъэрэр нобэ ещхьыжкъым ипэкIэ зэрыщытам. Абы я гуапэу щрагъэблагъэ хьэщIэ, нэгузегъэужьакIуэ куэд. Мы илъэсым зэрыщIидзэрэ апхуэдэхэм я бжыгъэр процент 57-кIэ хэхъуащ икIи мелуани 5-м щIигъуащ. ЩIыналъэр зэпIэзэрытщ, мамырыгъэр щытепщэщ, щIэпхъаджагъэхэр нэхъ мащIэ щыхъуащ. Абыхэм щагъэзащIэ инвестицэ проектхэр, зыщаужь промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм, санаторэ Iуэхум. Нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я псэукIэр йофIакIуэ, - къыхигъэщащ Чайкэ Юрий. - Дызыхэт форумым хуэдэ Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэм щыгъуазэ зыхуащIыф щIыналъэхэм ябгъэдэлъ къулеигъэм, зэфIэкIым, зрагъэлъагъуф зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр, ди къэрал лъэпкъыбэмкIэ гушхуэныгъэ зыхащIэу. Гъэлъэгъуэныгъэр ди къэралым и щIыналъэ псори зэзыпх шхэпс быдэщ, абы и къаруушхуэр, зэфIэкI лъагэр, Урысейр зэрыщыIар, зэрыщыIэр, дяпэкIи зэрыщыIэнур къыуигъащIэу».

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-форумыр Москва и ВДНХ-м къыщызэIуахащ 2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м. Ар лэжьэнущ махуи 161-кIэ, 2024 гъэм и мэлыжьыхьым и 12 пщIондэ: ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм къыщегъэжьауэ Космонавтикэм и махуэм нэсыху. Къэралым и иджырей тхыдэм къриубыдэу ар хэкум хыхьэ щIыналъэ псоми щыгъуазэ зыщыхуэпщIыф хъуну япэ утыкушхуэщ. Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ экспозици 131-рэ. Абы хохьэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 89-м, гъэзэщIакIуэ IэнатIэхэм, къэрал корпорацэхэм, компание абрагъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэхэр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Бжыхьэ лэжьэгъуэр яухащ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ дыгъэгъазэм и 22-м зэхуищIыжащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэр. Иужьрей зэIущIэм депутатхэм етIуанэ еджэгъуэу къыщащтащ «КъБР-м и бюджетыр 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектыр.**

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** абы щытепсэлъыхьым жиIащ дэфтэрым и япэ еджэгъуэр щэкIуэгъуэм и 30-м къащтауэ зэрыщытар икIи абы зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэжар. Ахэр ехьэлIащ сабийхэм защIэгъэкъуэным, гъуэгу ухуэныгъэхэм, къуажэхэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, щыIэкIэпсэукIэр егъэфIэкIуэным епха нэгъуэщI Iуэхухэри зэрагъэзэщIэнум хухах ахъшэм зэрыдыщIагъужым.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** жиIащ 2024 гъэм республикэм къилэжьымрэ къигъэсэбэпынумрэ хэхъуэ зэраIэнур. «Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэм езым и хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъури. Бюджетым къыхалъытащ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэр зэрызэфIагъэкIынури. Абыхэм ящыщщ лыжх узыфэхэмкIэ сымаджэщыр, Мылылъэ уардэунэр, Театрхэм я уардэунэр, нэгъуэщI куэди, - жиIащ къэпсэлъам. - Къапщтэмэ, бюджетым и процент 70-м щIигъур социальнэ Iуэхуу хъуар республикэм зэригъэзэщIэнум тещIыхьащ. Дэфтэрым и етIуанэ еджэгъуэм къэдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ 24-ри абы хэдгъэхьащ. Узэрыгушхуэнщ курыт школхэр, сабий гъэсапIэхэр, поликлиникэхэмрэ амбулаторэхэмрэ зэгъэпэщыжынымрэ щIэхэр ухуэнымрэ етIанэгъэ зэрызэфIэдгъэкIынур. Псалъэм папщIэ, республикэм и школи 9 а Iуэхум хыхьэу и кIэм нагъэсынущ».

Депутатхэм зэIущIэм къыщащтащ «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и фондым и бюджетыр 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Законыр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ закон щхьэхуэхэм, «ГъущI гъуэгу, автомобиль, транспорткIэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ», «КъБР-м и ЩIы кодексым и Iыхьэ 14-мрэ 17-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ КъБР-м унэ яухуэн папщIэ цIыху щхьэхуэхэм щIы Iыхьэ зэрыщратымрэ теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм, нэгъуэщIхэми. КъБР-м щIы, мылъку IуэхухэмкIэ и министр **Тохъу Аслъэн** иужьрей законопроектым щытепсэлъыхьым жиIащ ар УФ-м и Президентым мэкъуауэгъуэм и 6-м къыдигъэкIа унафэм - Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм хэтхэм, контракткIэ къулыкъу щызыщIэхэм, зауэлIхэм къэралым зэрызащIигъакъуэ Iэмалхэм зегъэубгъуным теухуам - къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным ипкъ иткIэ зэрызэхагъэуvар.



КъБР-м и Парламентыр 2024 гъэм зэлэжьынухэм щытепсэлъыхьым, КъэпщытэныгъэмрэрегламентымкIэ комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** къыхигъэщащ къапэщылъ гъатхэ лэжьэгъуэм республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и еханэ зэхыхьэгъуэм и лэжьыгъэр зэриухыр, абы къыхэкIыу Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкIыну зэрытраухуар.

КъБР-м и Парламентыр 2023 гъэм зэлэжьар зэIущIэм къыщызэщIикъуэжащ **Егоровэ Татьянэ**. Псом япэу абы къыхигъэщащ къэралыр иужьрей илъэсхэм зыхэт гъэунэхуныгъэщIэхэм емылъытауэ, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэр зэрыхущIэкъур щIыналъэм и къалэнхэр зэпIэзэрыту екIуэкIыным хуэгъэза Iуэхухэр къызэригъэпэщыным.

- Ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэдгъэкъуэныр. Хэкур зыхъумэ ди щIалэхэм сыт и лъэныкъуэкIи дазэрыдэIэпыкъуным иужь дитщ. Псалъэм папщIэ, дэ къыхэтлъхьащ абыхэм я унагъуэхэр депутатхэм тегуэшауэ ди нэIэ зэрытетынур. Си фIэщ мэхъу а Iуэхум ахэр жэуаплыныгъэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьэнур, - жиIащ Егоровэм. - 2023 гъэм и кIуэцIкIэ ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIауэ щытар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуа хабзэхэр къэтщтэнырщ, апхуэдэуи УФ-м и Президентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэр КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэмрэ къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэнырщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

# Ахъшэм къыдыщIагъу

**УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил иригъэкlуэкlащ Правительствэм хэтхэм я зэlущlэ. Абы къулыкъущlэм щыжиlащ автомобиль гъуэгухэр зыхуей хуагъэзэн щхьэкlэ мы илъэсым иджыри сом мелуан 570-рэ къызэрыхуаутlыпщынур. Апхуэдэ ахъшэ зратыну хэгъэгуи 5-м хэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрри.**

Ар трагъэкlуэдэнущ Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу гъуэгум и Iыхьэмрэ абы телъ лъэмыжымрэ зэгъэпэщыжыным.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир и дэlэпыкъуныгъэкlэ зэрагъэзэхуэж гъуэгу нэхъ инхэм ящыщщ зи гугъу тщlыр.

Мишустиным зэрыжиlамкlэ, къыдата ахъшэм иджыри къызэрыдыщlагъуам и фlыгъэкlэ, щlыналъэм и гъуэгухэр ирагъэфlэкlуэнущ, туризмэм зригъэужьынущ, гъуэгум епха нэгъуэщl lуэхухэри гъэзэщlа хъунущ.

**2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр ЩIэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я IэнатIэм хэт еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я IэнатIэм хэт еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр етынымкIэ Советым къыхилъхьахэм сахэплъауэ **унафэ сощI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр щIэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я IэнатIэм хэт еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм етын икIи щIэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я IэнатIэм хэт еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтым и лауреат цIэр яфIэщын:

**БжьыхьэлI Къантемыр Чэмал и къуэм**, Информатикэмрэ щIыналъэ управленэм егъэщIылIа къалэнхэмкIэ институтым-«ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэм- техникэ щIэныгъэхэм я IэнатIэм щригъэкIуэкIа щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къарикIуахэм папщIэ;

**Кучменовэ Иринэ Ибрэхьим и пхъум**, «Бгылъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм къэхъукъащIэхэмкIэ и къудамэм гляциологиемкIэ и лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэм - ЩIым теухуа щIэныгъэхэм я IэнатIэм щригъэкIуэкIа щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къарикIуахэм папщIэ;

**Махуэ Мурат Хьэсэн и къуэм**, «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм факультет икIи эндоскопие хирургиемкIэ и кафедрэ и доцентым - фэбжь зыгъуэта сымаджэхэм абы къыдэкIуэу я жьэжьейхэр Iисраф зэрыхъуар пасэу къызэращIэ Iэмал зэрызэхилъхьам папщIэ.

**Соблыр Ахьмэд Руслан и къуэм**, «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щратфедеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и аспирантым - мэкъумэш щIэным и IэнатIэм инновацэ технологиехэр зэрыщызэхилъхьам икIи зэрыщыхипщам папщIэ;

**Хьэкъун Еленэ Мухьэдин и пхъум**, ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием Тембот А. Къ. и цIэр зэрихьэу Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ и институт» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIы-экологие къэхутэныгъэхэмкIэ и лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэм - естественнэ щIэныгъэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къарикIуахэм папщIэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м*
*№132-УГ*

# Бжьыхьэ лэжьэгъуэр яухащ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Гугъуехьхэм емылъытауэ, республикэм и бюджетыр 2024 гъэм зыхуэдэнур нобэ къэтщтащ икIи абы и Iыхьэ щанэм щIигъур егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм, социальнэ Iуэхухэм зэрызедгъэужьынум тещIыхьащ. КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я зэIущIэхэм, Правительствэм хухэтх сыхьэтхэм дыщытопсэлъыхь щIыналъэм и туризмэр, спортыр, щэнхабзэр, гъуэгухэр, инвестицэ Iуэхухэр зэредгъэфIэкIуэну щIыкIэм. Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы гъэм КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъуар. Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ ар бжыгъэшхуэкъым, арщхьэкIэ нобэ жытIэфыну къысщохъу республикэм парламентаризмэр лъэ быдэкIэ щыувауэ. КъБР-м и Iэтащхьэм и Iэ щIэлъу, абы епха Iуэхугъуэшхуэхэр къызэдгъэпэщащ. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр ди гъусэу щIэныгъэ конференц ин едгъэкIуэкIащ, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием и лIыкIуэхэм, Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм даIущIащ. Мыпхуэдэ Iуэхухэр псори ди лэжьыгъэм хуэщхьэпэ защIэщ. ФIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейт жыджэру абыхэм хэта псоми. Шэч хэмылъу, ди нэIэ зытетыпхъэхэм ящыщщ ди нэхъыжьыфIхэр, ветеранхэр, тылым и лэжьакIуэхэр. Абы и щапхъэщ «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектми дызэрыхэтыр. ЗэгурыIуэу, зы лъэныкъуэкIэ плъэфу зэдэлажьэ гупым нэхъыбэ къехъулIэну къызолъытэ. АдэкIи сыщогугъ нэхъыбэж тхузэфIэкIыну. ЕтIанэгъэ екIуэкIынущ Урысей Федерацэм и Президент хэхыныгъэхэр. Абы ди пашэ Путин Владимир хэтыну зыкъызэригъэлъэгъуам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэралым щыIэ и Iуэху еплъыкIэхэр къэтлъытэу, абы и Iуэху нэхъ зэрыдэкIынум ди къару псори абы етхьэлIапхъэщ».

ЗэIущIэр, зэрыхабзэу, Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ зэхуащIыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● ЗэIущIэхэр

# ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр къалъытэ

**ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и Уполномоченнэ советым и зэхуэсым щытепсэлъыхьащ IуэхугъуитIым: Урысей Федерацэм цIыхум и хуитыныгъэмкIэ и уполномоченнэхэм я советым «ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ» яIа зэIущIэм къарикIуахэм, 2023 гъэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ КъБР-м и Уполномоченнэ советым илэжьахэм.**

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 15 - 16 махуэхэм Москва щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэм. Абы хэтащ УФ-м и щIыналъэхэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэхэр, сенаторхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, уполномоченнэм къегъэщIылIа щIалэгъуалэ советхэр, Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм, «Росмолодёжь» федеральнэ агентствэм я лIыкIуэхэр, къулыкъущIэхэр. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ. Советым хэтхэм закъыхуигъэзащ УФ-м и Президент Путин Владимир:

- Зэхуэсыр теухуащ щIалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ етыныр, лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр, унагъуэщIэхэм гулъытэ яхуэщIыныр. А Iуэхугъуэхэм къэралым гулъытэ лей хуещI. Ауэ щыхъукIи, дыбэлэрыгъ хъунукъым, щIалэгъуалэр зыхуэныкъуэр зэхэдгъэкIыурэ абы тещIыхьауэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпын хуейщ. А Iуэхум теухуа федеральнэ, щIыналъэ программэхэмрэ проектхэмрэ и чэзум хэлъхьапхъэхэр хэтлъхьэурэ дгъэзэщIапхъэщ, - жиIащ Москальковэм. Абы къыхигъэщащ щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр Урысейм и щIалэгъуалэм теухуауэ щалэжь псоми я нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Советым хэтхэм къыхагъэщащ дзэ Iуэху хэхам ираджэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я хуитыныгъэхэм теухуауэ щыIэ хабзэ щхьэхуэхэр дэщIыгъужыныгъэхэм зэрыхуэныкъуэр. Апхуэдэу, зэIущIэм къыщаIэтащ унагъуэщIэхэм ядэIэпыкъуным, сабий зеиншэхэмрэ сабий никъуэдыкъуэхэмрэ я хуитыныгъэр хъумэным, еджакIуэхэм, студентхэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм гулъытэ яхуэщIыным теухуа Iуэхухэри.

- Профессор Хъубий Башир сэрэ цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ УФ-м и Уполномоченнэм и аппаратым едгъэхьащ щIалэгъуалэм я Iуэхум теухуауэ щыIэ зэIумыбзхэмрэ абыхэм къахуэбгъуэтыфыну хэкIыпIэхэмрэ къыщыдгъэлъэгъуа тхыгъэ.

КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** 2023 гъэм яIа IуэхущIафэм щытепсэлъыхьым, къытеувыIащ министерствэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм, цIыхум и хуитыныгъэмкIэ федеральнэ органхэм я щIыналъэ къудамэхэм зэрадэлажьэр.

- 2023 гъэм ди къалэн нэхъыщхьэу щытащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди къуэ пажэхэм хахуагъэ, лIыгъэ къагъэлъагъуэу абы зэрыщыIэр.

Къапщтэмэ, 2023 гъэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм ящыщу дэ зыкъытхуагъэзащ цIыху 22-м: хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэнымкIэ, хэкIуэдахэм я хьэдэр къэшэжынымкIэ, фэбжь зыгъуэтахэм медицинэ Iуэхутхьэбзэ ягъуэтынымкIэ, уIэгъэ хъуахэм е хэкIуэдахэм я унагъуэм етыпхъэ ахъшэр яIэрыхьэжынымкIэ дадэIэпыкъуну къыдэлъэIуу, - къыхигъэщащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэта ветеранхэмрэ дзэм хэту къаукIахэм я унагъуэхэмрэ республикэм и санаторэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ пщIэншэу я узыншагъэм щыкIэлъыплъыну хуит ящIащ.

Дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда ди лъахэгъухэм я фэеплъ Налшык къалэ щыгъэувыным теухуауэ уполномоченнэм къыхилъхьа жэрдэмыр республикэм и унафэщIхэм къызэрыдаIыгъари жиIащ Зумакуловым.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**.

- ЩIалэгъуалэм щIэныгъэ етыныр, гъащIэм увыпIэ тэмэм щаубыдынымкIэ гулъытэ яхуэщIыныр министерствэм и къалэн нэхъыщхьэщ. НыбжьыщIэхэм я гупсысэр зэрызэтеувэнум, хьэл-щэну зыхалъхьэнум теухуауэ дэри жэуап дохь. Къэралым, республикэм а Iуэхугъуэхэм



гулъытэшхуэ щаIэщ. Ди министерствэм хузэфIэкIымрэ илэжьымрэ я мыхьэнэр дэ езым къэтлъытэжыфыну къыщIэкIынукъым. Ар наIуэ ищIынущ зэманым, ар къагъэлъэгъуэнущ ди щIалэгъуалэм, - жиIащ министрым.

КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Азэмэт** цIыхум и хуитыныгъэмкIэ КъБР-м и уполномоченнэм фIыщIэ хуищIащ щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэм гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуищIым папщIэ.

- Урысей Федерацэм щопсэу зи ныбжьыр илъэс 14 - 35 хъу цIыху мелуан 39-рэ. Ар къэралым и процент 27-рэ мэхъу. Ди республикэм щопсэу щIалэгъуалэу цIыху мин 277-рэ - ди цIыхухэм я процент 30. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ иужьрей илъэсипщIым ди къэралым псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм гулъытэ зэрыщыхуащIыр. 2009 гъэм щIалэгъуалэ Iуэхур зи къалэн федеральнэ орган щхьэхуэ къэунэхуащ. 2020 гъэм къэралым къыщащтащ а Iуэхухэр зыгъэбелджылы хабзэ. 2022 гъэм Урысейм и Президентым Iэ щIидзащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» къэралпсо жылагъуэ Iуэхум. НобэкIэ гулъытэшхуэ хуащIу ягъэзащIэ: «Социальная активность», «Молодёжь России», «Патриотическое воспитание» проектхэр. ЩIалэгъуалэм папщIэ Iэмал куэд щыIэщи, ахэр ябгъэдэтлъхьэн, къагурыдгъэIуэн хуейщ, - жиIащ абы.

- Нэгъабэ къэунэхуащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэр». ЩIыналъэ къэс езым и Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ ирегъэкIуэкI а лэжьыгъэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ зэчий зыбгъэдэлъ, хэлъэт зиIэ, куэдым хунэсыну хущIэкъу щIалэгъуалэ дахэ дызэриIэр. Абыхэм уадэлэжьэну гугъэпсэхущ.

5 - 11 классым щеджэ ныбжьыщIэхэм дахэупщIыхьащ нэхъ къэзыгъэгузавэ, ягу къеуэ Iуэхугъуэхэр едгъэтхыу. Нэхъыбэ дыдэу ахэр егъэшынэ езыхэм я ныбжьхэм къытрагъэхьэнкIэ хъуну лейм, я адэ-анэхэм я гур зэIухауэ я гукъеуэхэр зэрыхуамыIуэтэфым. Сыт сабийхэр, ныбжьыщIэхэр зыхуэныкъуэр? Я дзыхь зрагъэз цIыху епсэлъэну, къагурыIуэну. Нэхъапэхэм щыIа адэшхуэ-анэшхуэ хуабагъри, иджыпсту куэдым къалъысыркъым, - къыхигъэщащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн**.

Зумакуловым зэIущIэм щыжаIар къыщызэщIикъуэжым игъэбелджылащ япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# ЩIыгъэпшэрхэм икъукIэ йогугъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, щIыгъэпшэрхэр къэщэхун и лъэныкъуэкIэ мы илъэсым зыхуагъэувыжауэ щыта къалэнхэр нэсу ягъэзэщIащ.**

ЩIЫНАЛЪЭМ и мэкъумэшыщIэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр мы гъэм хъарзынэу къызэрырахьэлIам абыи мымащIэу и фIыгъэ хэлъщ. Дауи, егугъуныгъэрщ хъерыр къызыдэкIуэр. Ар мэкъумэшыщIэхэм зэи зыщагъэгъупщэркъым икIи щIыгъэпшэрхэр мардэ пыухыкIам тету икIи и чэзум я къэкIыгъэхэм ират.

«Дызэрыт илъэсым губгъуэ лэжьыгъэхэр никъусаныгъэншэу зэфIэкIын папщIэ, республикэм къищэхуащ щIыгъэпшэру тонн мин 47-рэ, гъэр щыщIидзэми зытедухуар а бжыгъэрат. ЩIыгъэпшэрхэр игъуэу хьэсэхэм зэрыхалъхьам и фIыгъэкIэ щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм гъавэхэкI нэхъыщхьэхэр бэв яхуэхъуащ, хэхъуэфIи яIэщ. Иджыпстуи, 2024 гъэм зыхуэдгъэхьэзыру, щIыгъэпшэрхэр щIыналъэм къыдошалIэ», - жиIащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн.

Къыхэдгъэщынщи, щIыгъэпшэрхэр щIым хэлъхьэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым етIуанэ увыпIэр къэралым щиIыгъщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Дыгъэгъазэм и 22-р Энергетикым и махуэщ

# Нэхур къытхуэзыхьхэр

**СССР къэрал абрагъуэр электрификацэ щIынымкIэ Къэрал комиссэм, «ГОЭЛРО-м и план» цIэр иIэу, 1920 гъэм зэхилъхьауэ щыта экономикэ программэм мыхьэнэшхуэ игъэзэщIащ.**

АУЭ щыхъукIи, тхыдэм фIы и лъэныкъуэкIэ къыхэна, ЦIыхубэ хозяйствэм зэрызиужьынум и япэ къэрал план зэхэтыр къызэращтэрэ мы гъэм илъэсищэрэ щырэ ирокъу.

Электроэнергетикэм ди гъащIэм къалэнышхуэхэр щегъэзащIэ. Сыту жыпIэмэ, жылагъуэ экономикэр зыхуэдэнур абы и щытыкIэм, и зыужьыкIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ.

Дыщыпсэу республикэр къэтщтэнщи, Кавказ Ищхъэрэм и МРСК IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ди щIыналъэм токыр ятрегуашэ, псэуалъэхэм яхупещIэ, къэзыгъэсэбэпхэр ирикъуу къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэ псори мы зэманым гъэхуауэ йокIуэкI. Абы къищынэмыщIауэ, токыр зэрыIуач, зэрыIуадзэ, къэхъукъащIэхэм зэрыщахъумэ, зэрытраухуэ-зэрызэпащIэ IэмэпсымэхэР зэпэщщ. Дызыхыхьа щIымахуэ лъэхъэнэм электросетхэр къызыхуэтыншэу хуагъэхьэзыращи, щыщIагъэ ин къахухъуэмыкIыу лэжьэнущ.

Киловольти 110-04-м хуэщIа уэгу кIапсэу километр мин 18-м щIигъу, псори зэхэту мегаватти 130-м нэблагъэ зи лъэщагъ, киловольти 120-м щIигъу зэкIуалIэ подстанцу 90-м щIигъу, киловольти 6-10/0,4 щагуэш трансформатор пункту 2300-м нэблагъэ къагъэсэбэп. Иужьрей илъэсхэм ди щIыналъэм электростанцыщIэхэр къызэрыщыунэхуар сэбэпышхуэ хъуащ токыр къэзыгъэсэбэпхэм ар къызыхуэтыншэу лъагъэIэсынымкIэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэгъэхуэбжьауэ щызэтеуващ «Шэрэдж-Ищхъэрэ» ГЭС-м и ухуэныгъэщIэхэр. 2024 гъэм къриубыдэу, республикэм и энергетикхэм я мурадщ абыхэм нэхъ хуэищхъэрэ дыдэу яхэт Псыгуэнсу МГЭС-м, мегаватт 19,1-м нэблагъэ зи лъэщагъыу щытынум, и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтраублэну.

Мы Iуэхум пыщIа цIыху гуащIафIэхэм, IэнатIэм и ветеранхэм дохъуэхъу мамыр гъащIэ яIэну, я щхьэкIи я унагъуэкIи узыншэну!

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# ХэщIыныгъэшхуэ

**Бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Апажэ Мухьэмэд дунейм зэрехыжам къыхэкIыу ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и унафэщIхэр хуогузавэ абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.**

- Зи гъащIэ псор адыгэбзэр джыным щхьэузыхь хуэзыщIа Апажэ Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэт. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер къыщызэрагъэпэщам щыгъуэ абы япэ дыдэу хагъэхьахэм, ар зыIэтахэм ящыщщ. Мухьэмэд тхылъ 20-м щIигъу къыдигъэкIащ, тхыгъэ 300-м нэс и Iэдакъэ къыщIэкIащ. АбыхэмкIэ КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм я студентхэр ирагъаджэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Апажэм и къэхутэныгъэхэм хамэ къэрал зыбжанэми щIэупщIэ зэрыщаIэр, пщIэ зыхуэфащэ щIэныгъэлIу къызэралъытэр, дэ, адыгэхэми, ар гъуазэу дызэриIар. Шэч хэмылъу, адыгэ лъэпкъым джэкIэ хэщIыныгъэшхуэщ апхуэдэ цIыху щэджащэ зэрытхэкIыжар, - жиIащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэхэр адыгэбзэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьыхэу **Хэжьэ Залинэрэ Марьянэрэ** яхуогузавэ абыхэм я адэ **Хэжь Рэшад Амдулчэрим и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



# ИлъэсыщIэр - шынагъуэншэу

**КъБР-м щыIэ Урысей гвардием и управленэм щызэхэтащ оперативнэ штабым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ ИлъэсыщIэ махуэшхуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIкIэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным.**

УРЫСЕЙ гвардием и республикэ управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Васильев Сергей и унафэм щIэту екIуэкIа зэхуэсым хэтащ щIыналъэ управленэм и лэжьакIуэхэмрэ дзэ къулыкъущIэхэмрэ, КъБР-м щыIэ МВД-м, ЩэнхабзэмкIэ министерствэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэ я лIыкIуэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ илъэсыщIэ махуэшхуэхэм хабзэхъумэхэр зэрыплъырыну щыкIэм. Урысей гвардием и щIыналъэ Управленэм и IэнатIэхэм я командирхэмрэ унафэщIхэмрэ я къалэным къадэкIуэу, пщэрылъ щхьэхуэхэри хуащIащ, - къет управленэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI, полицэм и подполковник КIэфо Залым.

**УАРДЭ Жантинэ.**

## Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 23, *щэбэт*

✦**УФ-м Экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и къулыкъум (Ростехнадзор) и махуэщ**
✦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм гъуэгуанэ кIыхь зэпызычыф я авиацэм и махуэщ**
✦**1947 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ ИлъэсыщIэр къыщихьэ щIышылэм и 1-р гъэ къэс гъэлъэпIэным икIи ар мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным теухуауэ.
✦**1905 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ дохутыр, дипломат, адыгэ лъэпкъым и блэкIар джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкIа **Хьэбжокъуэ Шэукэт**.
✦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ЖьакIэмыкъуэ Iэминат**.
✦**1960 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Азэщокъуэ Геннадий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 24, *тхьэмахуэ*

✦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**
✦**1839 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэ куэд къытрезыгъэдза **Бэрзэдж Зеки-пэщэ**.
✦**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхъулIэ Мартин**.
✦**1957 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Къэзанш Хьэлимэт**.
✦**1958 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Лъхукъуэщауэ Хьэбас**.
✦**1960 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыфI» цIэ лъапIэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ**.
✦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 25, *блыщхьэ*

✦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.
✦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим**.
✦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**.
✦**1923 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Балэ Мухьэдин**.
✦**1926 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр цIэрыIуэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бжьахъуэ Чэрим**.
✦**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, литературэдж, критик, щIэныгъэлI **Сокъур Мусэрбий**.
✦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Ленин гъуэгу» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Щхьэумэжь БетIал**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Совет Союзым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Дэгужий Виталий**.
✦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **КIэщт Мухьэз**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъусэ ямыщIынум блэкI пэтрэ йоджэ.**

# Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэмкIэ зэпэщщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, республикэм къыщагъэкI пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ я куэдагъым къыдэкIуэу, ахэр щахъумэ щIыпIэхэм я лъэщагъми къыхэхъуэ зэпытщ.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, 2023 гъэм къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэу тонн мин 16 зэуэ зыщIэхуэ ухуэныгъэхэм лэжьэн щIадзащ, илъэсым и кIэм абыхэм иджыри къыхагъэхъуэну я мурадщ. Иджыпсту пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэу щыIэщ тонн мин 214,5-рэ зэуэ зыщIэхуэхэр.

ИпэIуэкIэ министерствэм къитауэ щытащ, нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкI лIэужьыгъуэу тонн мин 700-м щIигъу 2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщрахьэлIэжар.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




# ШIухьафтын ин къыфагъэшъуошагъ

**Лъэпкъ зыкIыныгъэм и Мафэ ипэгъокIэу Москва Урысыем щыпсэурэ лъэпкъхэм я Ассамблее изэфэс щыкIуагъ.**

ШIУШIЭГЪЭ ин зиIэхэу, этнокультурэм ихэгъэхъонкIэ ыкIи лъэпкъхэм языкIыныгъэ игъэпытэнкIэ къахэщыгъэхэр, я IV-рэ Всероссийскэ общественнэ шIухьафтынэу «Гордость нации» зыфиIорэм текIоныгъэр къыщыдэзыхыгъэхэр ащ щагъэшIуагъэх.

Премием кIэщакIо фэхъугъэх Урысыем щыпсэурэ лъэпкъхэм я Ассамблее, лъэпкъ зэфыщытыкIэхэмкIэ Советэу УФ-м и Президент дэжь щызэхэщагъэр, Къэралыгъо Думэм лъэпкъ IофыгъохэмкIэ и Комитет, УФ-м и Общественнэ палатэ, УФ-м и Правительствэ, гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ, культурэмкIэ УФ-м иминистерствэхэр. Къэралыгъо шIухьафтын лъапIэу «Гордость нации-2023» зыфиIорэр зыфагъэшъуошагъэхэм ар аритыжьыгъ Общероссийскэ общественнэ-къэралыгъо Ассамблеем ипащэу В. А. Васильевым.

Лъэныкъоу «За вклад в обеспечение гражданского единства и межнационального согласия» зыфиIорэмкIэ щатекIуагъ, лауреат хъугъэ, апэрэ шъуашэр зиIэ Дипломыр ыкIи статуэткэу «Гордость нации-2023» зыфиIорэмрэ къыфагъэшъуошагъэх лъытэныгъэшхо зыфэтшIырэ титхэкIо цIэрыIоу МэщбэшIэ Исхьакъ.

МэщбэшIэ Исхьакъ илъэс 70-м къыкIоцI итворческэ гупшысэ лъагэкIэ, иемызэщыжь творческэ IофшIэкIэ дэгъукIэ щытхъуцIэ иныбэ къылэжьыгъ. Мы мафэхэм къыратыгъэ шIухьафтынэу «Гордость нации» зыфиIорэр Хэгъэгум, иреспубликэ, илъэпкъ мамырныгъэ-тынчыныгъэ арылъэу псэунхэмкIэ Iофышхоу ылэжьыгъэм ыкIи ылэжьырэм къакIэкIуагъ.

МэщбэшIэ Исхьакъ - тхэкIо ин, гупшысэкIошху, губзыгъ. Мы зэкIэмэ ялъытыгъэу Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат адыгэ лъэпкъыр зыгъэлъапIэу, ащ ыцIэ рязыгъаIоу ыкIи зыIэтэу, шIур сыдигъуи зылэжьырэм мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ фэгушIуагъ:

«Адыгеим, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Къэбэртэе-Бэлъкъарым ялъэпкъ тхакIоу, УФ-м IофшIэнымкIэ и ЛIыхъужъэу МэщбэшIэ Исхьакъ зэфэдэкIэ гушхоныгъэр къытхэзылъхьэу, тызыгъэгъуазэу, тилъэпкъ, тиреспубликэ ацIэ дахэкIэ рязыгъаIоу, зэкIэ ти Хэгъэгу ыкIи тилъэпкъ зыIэтырэх.

МэщбэшIэ Исхьакъ творческэ интеллигенцие купышIум щыщ, УФ-м икультурэ иIахьышхо хэлъ. Ащ ищыIэныгъэ зэрэщытэу IофшIэкIэшIум ищысэ ин, угукIэ уикIэсэ сэнэхьатым шъыпкъагъэ фыуиIэн зэрэфаем ишыхьат. Тхьэм зэчый гъэшIэгъон къызэритыгъ ыкIи илитературнэ творчествэкIэ, иобщественнэ IофшIэкIэ чаныгъэкIэ иадыгэ хэгъэгу, иадыгэ лъэпкъ, пстэуми зэдытие Хэгъэгушхоу Урысыер къегъэгъунэх, къеухъумэх; уасэ зыфашIырэ, шъхьэкIафэ зэрахырэ гъэсагъ. Сыгу къыздеIэу къэралыгъо тын лъапIэмкIэ сыфэгушIо Шумафэ ыкъо Исхьакъ, псаунынгъэ пытэкIэ, творческэ гухахъокIэ, гъэшIэ гупсэф дахэкIэ сыфэлъаIо».

ШIухьафтын лъапIэмкIэ И. МэщбашIэм къыфэгушIуагъ Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм и ЛIышъхьэу КIокIо Казбек, гум къикIырэ гущыIэ фабэхэр зэрыт тхылъыр къыритыгъ.

ШIухьафтын лъапIэр къызфагъэшъуошэгъэ МэщбэшIэ Исхьакъ лъэпкъ гъэзетэу «Адыгэ макъэм» ыцIэкIэ тыфэгушIуагъ ыкIи зы упчIэкIэ зыфэдгъэзагъ:

- Къэралыгъо шIухьафтын зэфэшъхьафыбэ къыпфагъэшъуошагъэх. Джы мы мэфэкI мафэхэм ти Хэгъэгушхо, Москва щыкIогъэ мэфэкIым премиеу «Гордость нации» зыфиIорэм илауреат ущыхъугъ. Уежагъа мыщ фэдэ гушIуагъом, сыд угукIэ зэхэпшIагъэр?

- Сэ сыкъызыхъугъэм щегъэжьагъэу еджэныр ыкIи IофшIэныр сикIасэу сыкъэтэджыгъ. СикIэлэгъум къыщыублагъэу слъэкIыщтымкIэ къогъанэ симыIэу сыкъырыкIуагъ. Си Хэгъэгу сыригъэджагъ, сифэпагъ, цIыфы сишIыгъ, джы сэ сфэлъэкIырэр ежь, Хэгъэгум, фэсэшIэжьы. Сыфай Iофэу цIыфыр зыIэтырэр тегугъоу тшIэным, сыфай мамырныгъэр чIышъхьашъом ренэу телъыным, цIыф лъэпкъхэр зэгурыIонхэм, зэдеIэнхэм, цыхьэ зэфашIэу зэдыщыIэнхэм, ер мы чIыналъэм щыгъэкIодыгъэным. Сежагъэп ыкIи сежэрэп шIухьафтын, ау сфэлъэкIыфэ шIур сыухъумэщт сIотэщт.

«ЛIыгъэр зэрашырэр шIушIагъ» еIо гущыIэжъым. Шъыпкъэгъэ-зэфагъэ хэлъэу уигъогу щыIэныгъэм щыпхырыпщыныр, уилъэпкъ, Хэгъэгум, уиреспубликэ ыкIи зэкIэ къыошIэкIыгъэ пстэумэ уагурыIоныр, уафэгупшысэныр - насыпыгъ. «Семыжагъэми, сигуапэ хъугъэ сызэрэхагъэунэфыкIыгъэр, пстэуми апэу къысфэгушIуагъэх Къыблэ федеральнэ шъолъырым ипащэу В. В. Устиновыр, Адыгеим и ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат, Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм и ЛIышъхьэу КIокIо Казбек «Тхьашъуегъэпсэу!»

**МАМЫРЫКЪО Нуриет**.

# Анзор дунаим ичемпион

**Мы илъэсым гъэхъэгъэшIухэр зышIыгъэхэм ащыщ спортсмен ныбжьыкIэу Гъомлэшк Анзор. Ар дунаим ичемпион хъугъэ. Мы лъэгэпIэ иным нэсынымкIэ гъогоу къыкIугъэр ащ къытфиIотагъ.**

АНЗОР Теуцожь районым ит къуаджэу Нэчэрэзые къыщыхъугъ. Ятэ тренерэу кIэлэцIыкIухэр зэригъасэхэрэм къыхэкIэу ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу спортым фэщагъэ хъугъэ. Спортзалым чIэт нахьыжъхэм шIогъэшIэгъонэу ар алъыплъэщтыгъ.

- Илъэситф сыныбжьыгъ сыбэнэнэу зесэгъажьэм. Апэрэ зэнэкъокъоу сызыхэлэжьэгъагъэр дэгъоу къэсэшIэжьы, ар Пэнэжьыкъуае щызэхащэгъагъ, лъэшэу сыгумэкIыщтыгъ, ау апэрэ чIыпIэ къыщыдэсхыгъагъ. Джащ къыщегъэжьагъэу илъэс 15-м къыкIоцI сыгукIэ сыфэщагъэу самбэм сыпылъ, - еIо кIэлэ ныбжьыкIэм.

Анзор гурыт еджапIэм чIэсыфэ ятэу Алый итренерыгъ, ары апэрэ лъэбэкъухэр езыгъэдзыгъэр, гъэхъагъэхэм афэзыщагъэр. Районым, республикэм, Къыблэ федеральнэ шъолъырым ащызэхащэрэ зэнэкъокъухэм пчъагъэрэ ахэлэжьагъ, гъэхъагъэхэр ащишIыгъэх.

- Уятэ уигъэсэныр зы лъэныкъомкIэ къины, ар къызэрэсщыгугъырэр амалэу сиIэмкIэ къэзгъэшъыпкъэжьынэу сыфай. Ар зэрэсигъусэм нахь кIуачIэ къысхелъхьэ, нахь сызщэгугъыжьы. Мы аужырэ илъэсхэм АР-м самбэмкIэ испорт еджапIэ сэкIо, синасып къыхьыгъ спортымкIэ дунэе класс зиIэ мастерэу Делэкъо Адам сигъэсэнэу зэрэлъыпысыдзэжьыгъэр. СицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу ар дэгъоу сэшIэ, сятэ иныбджэгъу, сыдигъокIи ынаIэ къыттет, - еIо тигущыIэгъу.

Анзор я 9-рэ классыр къызеухым Адыгэ къэралыгъо университетым и Мыекъопэ къэралыгъо гуманитар-техническэ колледж чIэхьагъ ыкIи АР-м самбэмкIэ испорт еджапIэ ыцIэкIэ зэнэкъокъухэм ахэлажьэу ыублагъ. 2019-рэ илъэсым Новороссийскэ щызэхащэгъэ зэнэкъокъум хэлэжьагъ, ятIонэрэ чIыпIэр къыщихьыгъ, мэзищ тешIагъэу Урысыем иныбжьыкIэхэм самбэмкIэ язэнэкъокъоу Екатеринбург щыкIуагъэм хэлэжьагъ, тыжьын медаль къыфагъэшъуошэгъагъ ыкIи Европэм иныбжьыкIэхэм якIэух зэнэкъокъоу Болгарием щыкIощтым ар хэлэжьэнэу щытыгъ, ау пандемиер къежьи, кIошъугъэп.



Мэхьанэ ин зиIэ зэнэкъокъум зэрэхэмылэжьагъэр ыгукIэ зыдиIыгъыгъ, ау мы илъэсым гъэхъэгъэ инхэр ышIынхэу инасып къыхьыгъ. Свердловскэ хэкум ит къалэу Верхняя Пышма 2023-рэ илъэсым мэзаем и 14-м щегъэжьагъэу и 18-м нэс щыкIогъэ зэнэкъокъум Анзор зыщиушэтыгъ, алырэгъум дэгъу дэдэу щыбэнагъ ыкIи Урысыем ипервенствэ идышъэ медаль къыдихыгъ. Мы спорт лъэпкъымкIэ дунэе зэнэкъокъум Урысыер къыщигъэлъэгъуагъ. Чъэпыогъу мазэм Кыргызстан икъалэу Бишкек щыкIогъэ турнирым зэрифэшъуашэу зыкъыщигъэлъэгъуагъ ыкIи дышъэ медаль къыщихьыгъ. Анзор дунаим ичемпион хъугъэ.

- Къэралыгъо 28-мэ яспортсменхэр мы зэнэкъокъум хэлэжьагъэх. Молдавием, Казахстан, Армением, Монголием ялIыкIохэм сябэныгъ, сатекIонэу синасып къыхьыгъ. Килограмм 64-рэ къэзыщэчыхэрэм якуп сыхэтыгъ. Мыщ къыкIэлъыкIуагъ спортымкIэ дунэе класс зиIэ мастерыцIэр. АщкIэ сызыгъэсэгъэ тренерхэм лъэшэу сафэраз, - еIо чемпионым.

Анзор алырэгъум зытехьэкIэ зэкIэ щэгъупшэ, такъикъитфым къыкIоцI нахь дэгъоу зыкъызэригъэлъэгъощтыр, текIоныгъэр къызэрэдихыщтыр ары ышъхьэ илъыр. Ар къызыдэхъукIэ ипшъэрылъ ыгъэцэкIагъэу елъытэ.

Гуетыныгъэу иIэм ишIуагъэкIэ Гъомлэшк Анзор икъуаджэ, Адыгеим, зызщигъэсэрэ еджапIэм ацIэ чыжьэу егъэIу, республикэм ибыракъ еIэты.

Ыныбжь елъытыгъэу лъэгэпIэ анахь иным кIэлэ ныбжьыкIэр нэсыгъ. ДжырэкIэ Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым итехнологическэ факультет иапэрэ курс ис. Зы мафэ химынэу тренировкэ ешIы, иIэпэIэсэныгъэ хегъахъо. КъэкIорэ илъэсым нахьыжъхэм якуп хэхьащт, ащи гъэхъагъэхэр щишIынхэу, дахэкIэ къахэщынэу итренерхэр щэгугъых.

Илъэс 30 хъугъэ Нэчэрэзые дэс ныбжьыкIэхэр Гъомлэшк Алый зигъасэхэрэр. А уахътэм къыкIоцI нэбгырэ пчъагъэмэ гъэхъагъэхэр ашIыгъэх, ахэм джы икIэлэ нахьыкIи къахэхъуагъ. Тренерым зэхэдз имыIэу зэкIэми афэгумэкIы, ахэм текIоныгъэр къызыдахыкIэ ащэгушIукIы.

Республикэм самбэмкIэ испорт еджапIэ тыди щызэлъашIагъ. Адыгеим ыцIэ дахэкIэ рязыгъэIогъэ спортсмен пчъагъэ мыщ къычIэкIыгъ. Ахэм ащыщ дунаим гъогогъу 11-рэ ичемпионэу Хьасанэкъо Мурат.

- Мы илъэсым тикIалэхэм гъэхъэгъэ инхэр ашIыгъэх. Адыгеим, Урысыем, дунаим ащызэхащэгъэ зэнэкъокъухэм тахэлэжьагъ, зэрифэшъуашэу закъыщыдгъэлъэгъуагъ, тикIалэхэм медальхэр къахьыгъэх. Анзор дунаим ичемпион зэрэхъугъэм лъэшэу тигъэгушIуагъ. Мы зэныбджэгъухэм зы мафэ бламыгъэкIэу тренировкэм къэкIох, агу етыгъэу спортым пылъых. Ахэм ащыщэу нэбгыритф спортымкIэ мастер хъугъэх. Анзор спортымкIэ дунэе класс зиIэ мастерыцIэр къыфагъэшъуошагъ. Джы нахьыжъхэм якуп хэуцощт, тыщэгугъы игъэхъагъэхэм къащымыуцоу ахигъэхъонэу, - еIо Делэкъо Адам.

Адам къызэриIуагъэмкIэ, мы спорт еджапIэм зыщызыгъасэхэрэр къазыкIыхэщыхэрэр агу етыгъэу зызэрагъэхьазырырэр ары. ХэушъхьафыкIыгъэ хабзэхэмкIэ мыщ Iут тренерхэм Iоф ашIэ, нахьыжъхэм ягъэхъагъэхэр ныбжьыкIэхэм ящысэтехыпI. КIэлэцIыкIухэм апэрэ гъэхъагъэхэр языгъэшIырэ къуаджэхэм ащылэжьэрэ тренерхэм яIофшIэни мэхьанэшхо зэриIэр ащ къыIуагъ. БэнакIохэм яIэпэIэсэныгъэ тапэкIи зэрэхагъэхъощтыр, хэгъэгум изэнэкъокъухэм ахэлэжьэнхэу зызэрагъэхьазырыщтыр Адам къыхигъэщыгъ.

**ДЕЛЭКЪО Анет**.
*Сурэтым* **Гъомлэшк Анзор** *ихъарзынэщ.*

# Къэбар гъэшIэгъон зыпылъ къэб

**Килограмм 65-рэ илъ, мэзиплIырэ къагъэкIыгъ. КIэхэр IэкIыбым къырахыжьыгъэх. Къэб хьалэмэтыр Адыгеим и Красногвардейскэ район щалэжьыгъ. Мыщ фэдэ къэб иным илъэсыкIэ Iанэр зэрэпсэоу рыбгъэхьазырын плъэкIыщт.**

АДЫГЭ къэб анахь инэу республикэм мыгъэ къыщагъэкIыгъэм иIэшIугъэ сыуплъэкIу сшIоигъоу къуаджэу Джамбэчые щыщ ЛIышэ Ахьмэд дэжь себлэгъагъ. Лъэпкъ IэшIагъэхэм яшIынкIэ IэпэIэсэ цIэрыIор къэб анахь инхэр къэзыгъэкIырэу Адыгеим щызэлъашIэ. Килограмм 65-рэ къэзыщэчырэ хэтэрыкI гъожьышхор мыгъэ ащ ихатэ щилэжьыгъ. Мэкъуогъум химылъхьэу нахь пасэу кIэр хилъхьэгъагъэмэ, хэтэрыкIым къыщэчырэр нахьыбэ хъущтыгъэу Ахьмэд къыхегъэщы. Ыпэрэ илъэсхэм ар ыушэтыгъах. Килограмми 100-м нэсырэ къэбыр зы гъэ горэм джащ фэдэу къыгъэкIыгъагъ. Мыщ фэдэ къэгъэлъэгъоным шъэф гъэнэфагъэхэр иIэх. Ахэр ыгъэцакIэхэмэ къэбышхом икъэгъэкIын хэти къин къыщымыхъущтэу Ахьмэд елъытэ.

«Къэбым псы икIас. КIо, адыгэхэм къэбым псы тыракIэу тлъэгъугъэп ыкIи тлъэгъущтэп (мэщхы Ахьмэд). Ау тхьамафэм щэлъищ фэдиз кIапкIэмэ лъэшэу игуап. ЕтIанэ шъэфэу хэлъыр къулэм зы къэб нахь къыпыбгъанэ хъущтэп, адрэхэр пыпчыщтых. Анахь шъхьаIэр къэгъагъэхэр къызызэIуихыкIэ (зыр кIалэ, адрэр пшъашъэ) нэмыкI къэкIыхэрэм ясэпацэхэр къыхэмыхьанхэм, бжьэхэр имыхьанхэм афэшI зэфэпшIынхэ фае. КъэгъагъитIур гъожьы къызыхъукIэ къызэIупхыжьынхэшъ, ясэпацэхэр зэхэбгъэхьанхэ етIани бгъэпытэжьынхэ фае. Джаущтэу зыпшIыкIэ къэбым лые хэмылъэу, инэшэнэшIухэр зэкIэ къыхэнэжьых», - къеIуатэ Ахьмэд.

Мыгъэрэ къэбышхор мэзиплIырэ Ахьмэд къыгъэкIыгъ. Мэкъуогъум иублэгъум хилъхьи, Iоныгъом ыкIэм, республикэ мэфэкIэу «Къэбым имафэ» ипэгъокIэу, пичыжьыгъ. «Анахь къэб ин» зыфиIорэ лъэныкъомкIэ апэрэ чIыпIэр къыдихыгъ. ПстэумкIи Ахьмэд игъэбэжъу рыраз, иIэшIугъэкIи ыгу рехьы. Ау, ежь къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, мыгъэрэ адыгэ къэб лъэпкъэу къыгъэкIыгъэр къэбыпсым нахь тегъэпсыхьагъ ыкIи кIымафэм ыгъэфедэнэу шъон литрэ заулэ хишIыкIыгъ.

Къэбышхохэм чылапхъэ афэхъугъэ кIэхэр Ахьмэд къызэрэIэкIэхьагъэхэми къэбар гъэшIэгъон пылъ. Тыркуем кIожьыгъэгъэ адыгэхэм зыдыращыжьыгъэгъэ кIэхэм къахэкIыгъэхэу къытфиIотагъ.

«МэфэкI горэм тызэхэхьагъэу Тыркуем къикIыгъэхэри къытхэсынхэу хъугъэ. Зыгорэ къыкIэлъыкIон Iоу сымышIэу «хыкIыб икIыжьыгъагъэхэм зыдыращыжьыгъагъэу адыгэ къэбыкIэ сыфай» сIуагъэ. Ар сщыгъупшэжьыгъэу сыхэтызэ, илъэс заулэ тешIагъэу «къыпфащагъ» аIуи къысфытеохи, къэб лъэпкъиищымэ ячылапхъэхэр къысатыжьыгъэх. КIо адыгэхэм къэб лъэпкъищ тиIагъэба: къошынхэр зыхашIыкIыщтыгъэр, агъажъэщтыгъэр ыкIи къэбщыпсыр, къэбыпсыр зыхажъукIыщтыгъэхэр. Апэрэ илъэсым зысэгъэтIысым килограмм 40 къыщэчэу къэзгъэкIыгъагъ. Къэб дэхагъ, гъогогъу 12 зэхэлэнтхъыкIыгъэу, лэдэххэм Iэдакъэм къыщегъэжьагъэу Iапэхэм анэсыжьэу дэкIуадэу иныщтыгъ, дахэщтыгъ. АщкIи къэбым и Мафэ къыдыхэлъытэгъэ зэнэкъокъум апэрэ чIыпIэр къыщысхьыгъагъ», - къеIо ащ.

Джы къызнэсыгъэми Тыркуем къыфырахыжьыгъэ къэбыкIэхэм къатыгъэ чылапхъэр ары Ахьмэд ыгъэфедэрэр. Бжыхьэ къэс, игъэбэжъушхо зиупкIатэкIэ кIэхэр къырехыжьых, зыми хэмыкIокIэнэу гъунэ алъефы, шъхьафэу еухъумэх. Фае щыIэу къелъэIумэ къэбыцэ зырызэу ареты. «Ишъыпкъэу зылэжьы зышIоигъоми ари фырикъущт», - еIо ащ.

КъэкIорэ илъэсым джыри къэб къыгъэкIыщт. Джы килограмми 100-м блигъэкIыныр имурад. Къыдэхъугъэмэ, къэкIорэ бжыхьэм къэнэфэщт.

**АНЦОКЪО Ирин**.




# Жылагъуэм къыхуощхьэпэ

**Журналист лэжьыгъэр нэхъ гугъухэм ящыщщ, ауэ зэ узэщIиубыдамэ, уиутIыпщыжкъым. Мы псалъэхэм купщIэу щIэлъыр нэрылъагъущ Кушпэ Маринэ Мухьэдин и пхъум и щапхъэмкIэ. А бзылъхугъэ гуакIуэм, нэмысыфIэм и гъащIэр КъШР-м и телевиденэм и редакцэм епхащ, и щIалэгъуэм къыхиха IэщIагъэм зыкIи темызэшауэ, ноби а лэжьыгъэм пэрытщ.**

КУШПЭ Маринэ Черкесск къалэм дэт еджапIэ-интернатым, иужькIэ педучилищэм щеджащ. АдэкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым. Абдеж урысыбзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр щызэригъэгъуэтащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм магистратурэр къыщиухыжащ.

Маринэ 1993 гъэм лэжьэн щыщIидзащ «Къэрэшей-Шэрджэс» телевиденэм икIи илъэс 30 мэхъури, республикэ журналистикэм и гуащIэ хилъхьэу, фIыуэ илъагъу IэщIагъэм пэрытщ. Режиссёрым и ассистенту къыщIидзэри, режиссёру, корреспонденту, хъыбарегъащIэхэр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи иригъэкIуэкIыу, художественно-музыкальнэ редакцэм и редактору, хъыбарегъащIэ программэхэмкIэ унафэщIым и къуэдзэу, нэтынхэр адыгэбзэкIэ зыгъэхьэзыр къудамэм и журналисту лэжьащ. 2022 гъэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъыбзэхэмкIэ нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэщ.

КъинэмыщIауэ, Маринэ «НТР» телекомпанием и журналисту лэжьащ. Москва къалэм и КъухьэпIэ округым и хъыбарегъащIэ программэм и редактору щытащ. «Мастерство ведения эфира» программэмкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуащ.

Телевиденэм лэжьэн зэрыщыщIидзэрэ абы игъэхьэзыращ нэтын купщIафIэхэр. Ахэр телевизореплъхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ, щIэупщIэшхуэ яIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъапсэ» зыфIища проектышхуэр. Абы ипкъ иту, Беслъэней къуажэмрэ Али-Бэрдыкъуэмрэ я тхыдэм, нобэ я псэукIэм ятеухуа программитI игъэхьэзырати, ахэр къуажэдэсхэм хуабжьу ягу ирихьащ, куэдым фIыщIэ къыхуащIащ.

«Дети с берегов Невы» нэтыныр УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт бзылъхугъэм и Iэпэ къыщIэкIа программэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщ. Ар теухуащ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ беслъэнейдэсхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэмрэ яхэлъа гущIэгъумрэ - Ленинград блокадэм къраша сабий тхьэмыщкIэхэр къуажэдэсхэм зрашалIэу, езыхэм я быным хуэдэу, зэрапIыжам. Жылэм дэс цIыху гупцIанэхэр мыхъуамэ, ажалым ихьыну шынагъуэ зэрыщыIар, ятелъа хьэзабыр нэтыным деж къыщаIуэтэж гуауэр зи нэгум щIэкIахэм.

Мы фильмыр 2003 гъэм Санкт-Петербург щекIуэкIа Урысейпсо фестивалым и лауреат хъуащ.

КъинэмыщIауэ, Маринэ и нэтынхэм ящыщу гулъытэ къыхуащIащ усакIуэшхуэ Гъуэщокъуэ Хъусин илъэси 100 щрикъум ехъулIэу игъэхьэзыра, «Народу я отдал заветную песнь...» теплъэгъуэр. Ар 2013 гъэм Уфа къалэм щекIуэкIа, «Голос Евразии» урысейпсо фестивалым и кIэух Iыхьэм хэхуащ.

Маринэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, абы фIэфIт ди нэхъыжьхэм епсэлъэну, абыхэм ятеухуа очеркхэр игъэхьэзырыну. Апхуэдэу, цIыхум и пщIэр зыIэт, ар лъэныкъуэ куэдкIэ къозыгъэцIыху, и гурыгъу-гурыщIэхэм ущызыгъэгъуазэ нэтынхэр Маринэ ятриухуащ республикэм и лэжьакIуэфI куэдым. Абы къикIращи, журналист нэсым ди хэгъэгум щыпсэухэм яригъэцIыхуащ пщIэ, щIыхь хуащIыну зыхуэфащэ нэхъыжьыфIхэр.

«Дыгъэщыгъэ» сабий нэтыным и мыхьэнэр-щэ?! Мыр Маринэ къигупсыса нэтын гъуэзэджэщ, сабийхэми нэхъыжьхэми яфIэгъэщIэгъуэну. Мы проектым илъэсищым зэрынэхьэскIэ елэжьати, лъэпкъыр зыхуэныкъуэ, сабийхэм я гъэсэныгъэм теухуа Iуэхугъуэхэр къыщиIэтащ. Апхуэдэщ мы проектым хэту игъэхьэзыра, «Страна детства» зыфIища нэтыныр. Ар 2022 гъэм Дагъыстэн Республикэм щекIуэкIа «Голос Евразии» урысейпсо фестивалым щытекIуащ.

- Нэгъабэ Мэхъэчкъалэ едгъэхьа программитхум щыщу, «Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ятеухуа нэтын нэхъыфI» лIэужьыгъуэм текIуэныгъэр къыщихьащ «Страна детства» нэтыным. Ар зытезухуар Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыпсэу Хутэ Аслъэн и жэрдэмкIэ сабийхэм хуащIа утыку - джэгупIэ хьэлэмэтырщ. Абдеж Аслъэн къуажэдэс цIыкIухэр лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта сабий джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, IуэрыIуатэм щегъэгъуазэ, псынщIэрыпсалъэхэр жаIэфу, усэ къеджэфу щегъасэ.

- Мы джэгукIэхэм лIэщIыгъуэ тхыдэ яIэщ. Ахэр ди нобэм хъума хъуащ Хутэ Аслъэн хуэдэ гумызагъэхэм, лъэпкъыпсэхэм я фIыщIэкIэ. Аращ си нэтыным лъабжьэ хуэсщIар.

Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ мыпхуэдэ зэпеуэхэр куэдрэ къызэрызэрамыгъэпэщыр. Абы къыхэкIыу, къытхуагъэфэща текIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жеIэ Маринэ.

Хэгъэгу журналистикэм хуищIа хэлъхьэныгъэм, илъэс куэд щIауэ псэ хьэлэлкIэ зэрылажьэм папщIэ, Кушпэ Маринэ къыхуагъэфэщащ «Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

- Илъэс бжыгъэкIэ фIыуэ слъагъу IэщIагъэм гурэ псэкIэ сызэрыпэрытам къысхуихьащ иджырей цIэ лъапIэр. Лъэпкъ журналистикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, абы зи гуащIэ хэзылъхьа ди нэхъыжьхэм я Iуэхум къыпысщэу аращ сэри, си гуапэщ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуэсщIыфамэ. Хуабжьу сахуэарэзыщ мы IэщIагъэм сыхэзэгъэнымкIэ, лъэ быдэкIэ сыувынымкIэ сэбэп къысхуэхъуа егъэджакIуэхэмрэ сызыдэлэжьа журналист нэхъыжьхэмрэ, - жеIэ Маринэ.

**ЕЗАУЭ Маринэ.**

# НыбжьыщIэ хахуэ

**Хьэбэз районым щыщ ныбжьыщIэ хахуэм - Лий Назар - «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медаль къыхуагъэфэщащ. НыбжьыщIэр зыщыщ Бэвыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм щагъэлъэпIащ щIалэ цIыкIур. 7-нэ классым щеджэ Назар лIыхъужьыгъэ хэлъу къригъэлащ псым ихь сабийр.**



НЫБЖЬЫЩIЭР щагъэлъапIэ зэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къыбгъэдэкIыу щыIэ сенатор Къэзанокъуэ Кърым, УФ-м и МЧС-м и Къэрэшей-Шэрджэсым щиIэ Управленэ Нэхъыщхьэм и унафэщI Голоколенкэ Александр сымэ.

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ и Iэ зыщIэдза щIыхь тхылъымрэ «За проявленное мужество» медалымрэ Къэзанокъуэм иритыжащ лIыгъэ зезыхьа ныбжьыщIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, щэкIуэгъуэм и 1-м УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым щагъэлъэпIащ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм хахуагъэ къыщызыгъэлъагъуэу, цIыху гъащIэр къезыгъэла ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыщщ саугъэт лъапIэкIэ зи цIэ кърaIуа адыгэ щIалэ цIыкIур - Лий Назар.

«Мы еджапIэм щIэс ныбжьыщIэм лIыгъэшхуэ зэрихьащ, псым ихь сабийр къыщригъэлым. БалигъыпIэм иува цIыху куэдым яхуэщIэну къыщIэкIынкъым ар - сабий акъылкIэ абы псынщIэу зэригъэзэхуащ ищIапхъэр.

Назар! Уэ къэбгъэлъэгъуащ лIыхъужьыгъэр ныбжьым зэремылъытар. Псоми я щхьэж хъуар пхэлъ гъэсэныгъэращ», - жиIащ Голоколенкэ Александр. Абы, къызэхуэсахэм я Iэгуауэ иным щIэту, УФ-м и МЧС-м и лэжьакIуэхэм ящхьэрыгъ пыIэр, щIыхь тхылъымрэ саугъэт лъапIэмрэ ныбжьыщIэ хахуэм иритащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ къэхъуауэ щытар. Гъэмахуэм Назар псым зыщигъэпскIыу, сабий гужьеям и кIий макъ зэхихащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар 2-нэ классым щеджэ Ещэр Эмзар цIыкIут. Ар псым итхьэлэрт. Зы дакъикъэкIи мыгупсысэу, Назар сабийм и лъэныкъуэмкIэ есылIэри, къыхихыжащ. НыбжьыщIэр егупсысакъым езым и гъащIэмкIи абы шынагъуэ зэрыпылъым - псым итхьэлэ сабийр къригъэлыныр нэхъыщхьэу къилъытащ...

Назар зэрихьа лIыгъэм зэрыригушхуэр куэдым жаIащ. Хъуэхъу гуапэхэр щIалэ-лIыхъужьым хуагъэфэщащ и классэгъухэми, езыгъаджэхэми, и Iыхьлыхэми.

Нэхъ гъэщIэгъуэныжыр аращи, лIыхъужьыгъэ зезыхьа ныбжьыщIэр Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа пелуан Лий Азнур и щIэблэщ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

# Адыгэшыр ирабагъуэ!

**Къэрэшей-Шэрджэсыр щIыпIэ дахэхэмкIэ къулейщ, и щIыуэпсыр псэм дохьэ, гум къонэ. Абыхэм язщ Абазэ районым «Биберд»-кIэ зэджэ и щIыпIэр. «Биберд» проектыр зигу къэкIари ар къызэзыгъэпэщари адыгэм къытхэкIа хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Дер Вячеславщ.**



ЕЗЫМ зэрыжиIэмкIэ, мы IуэхумкIэ и мурадар адыгэхэм я блэкIам дыхигъэплъэжынырщ. Апхуэдэщ абы щагъэхъу адыгэшыр, адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ унэр, абы щызэхуэхьэса пасэрей хьэпшыпхэр...

Пэжщ, «Бибердым» и куэбжэм узэрекIуалIэу нэгъуэщI дунейм укъыщыхута хуэдэу къыпщохъу. Куэбжэр ягъэщIэращIэ адыгэшым и теплъэм, хьэтхэм я дамыгъэу щыта, щхьитI зыфIэта бгъэ бзуушхуэри абыхэм я щхьэщыгум итщ. Куэбжэм удыхьэмэ, щIыуэпсыр уи нэм йодэхащIэ: бгылъэ щхъуантIэхэр, хьэуа къабзэр, уэгу щхъуантIэр...

УокIуатэри, уIуощIэ хасагъащIэ жыгыщIэ цIыкIухэм. Абыхэм яхэтщ псейхэр, уэздыгъейхэр, мыIэрысейхэр, кхъужьейхэр, хуэрэджейхэр, хьэмкIутIейхэр, къыпцIейхэр, къыцейхэр, нэгъуэщIхэри.

Лъагъуэм уздрикIуэм, нэм къыщIоувэ ди щIыпIэм щымыIэ абхъаз бжьэ матэ гъэщIэгъуэнхэр. Абыхэм бжьэхэр зэщIэвуууэу «зэрыщылъащэр» зэхыбох...

АдэкIэ укIуатэмэ, пасэрей адыгэ унэм ущIэмыхьэни плъэкIыркъым. Абдеж щытепщэр пасэрей жьэгуращ: шыуанышхуэр абы фIэдзащи, моуэ щIэкIа унэгуащэм къигъэзэжэным пэплъэ хуэдэщ ар... КIэщIу жыпIэмэ, адыгэхэм я фIыгъуэу щыпсэуа зэманым укъыщыхута хуэдэщ.

Гур щыпсэху щIыпIэм езы Дерми и псэр зэрыхэлъыр зыхыбощIэ. «Биберд»-р гъэщIэрэщIэным, адыгэпсэ хэлъхьэным абы къару мымащIэ ирехьэлIэ.

- Мы щIыпIэм илъ щIыгу Iыхьэм къриубыдэу, ар гектар 612-рэ мэхъу, жыг мин 12-м щIигъу хэтсагъэххэщ, адэкIи пытщэну ди мурадщ. Дыхуейщ жыгхэм я бжыгъэр мин 20-м нэдгъэсыну.

Арами, мыбдеж щынэхъыщхьэр шыхэращ. Абы и IуэхукIэ Къэбэрдейм сыщыIат, адыгэшыр здагъэбагъуэжхэм я лэжьэкIэм зыщызгъэгъуэзэн папщIэ. Абы щыгъуэ сигу изубыдауэ щытащ шыхэр щыдгъэхъуну, щытIыгъыну щIыпIэр сыт и лъэныкъуэкIэ гур дэзыхьэхыу сыухуэну. А мурадыр хуэм-хуэмурэ къызохъулIэ. Сыхуейщ мыбы къыдыхьэ дэтхэнэ хьэщIэми дахагъкIэ и псэр игъэнщIу зигъэпсэхуну. Мы щIыпIэм уеплъмэ, езыр дахэщ, Тхьэм апхуэдэу къигъэщIауэ. Дэ ди къалэныр а дахагъэр нэхъри едгъэфIакIуэу зетхьэнращ, - жеIэ Дер Вячеслав.

«Биберд» щIыпIэр Вячеслав илъэс 22-рэ хъуауэ и IэмыщIэ илъщ. Абы щыщу илъэси 10-м адыгэшыр гъэхъуным йолэжь. НобэкIэ адыгэш къабзэу абы щыIэщ 100-м нэблагъэ. Япэу мы щIыпIэм ирагъэхьа шыхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кърашауэ щытащ, адыгэш зыгъэхъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ Хьэжысмел чэнджэщэгъу къыхуэхъури.

Шыхъуэхэм я нэхъыщхьэ Мэремыкъуэ Ратмир дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, гъатхэ зэрыхъуу шыхэр бгыхэм дыдошейри, абдеж ахэр бжьыхьэ кIасэ хъуху щохъуакIуэ. «Хуиту итщ, зыкIи дахэIэбэркъым. ДакIэлъоплъ, псалъэм папщIэ, зыгуэр елъэшауэу тлъагъумэ, къахыдошри, доIэзэ. Бжьыхьэм къыдошэхыжхэри, псоми дакIэлъоплъ, узыфэхэм щызыхъумэн мастэхэр хыдогъэIу, шыщIэхэмрэ шыбзхэмрэ зэхыдодз, догъэпскI. КIэщIу жыпIэмэ, сыткIи зыхуей худогъазэ. Уэс телъмэ, щIыIэмэ, дэтшеижыркъым, атIэ шэщым щыдоIыгъ щIымахуэр икIыху».

ЩIалэм зэрыжиIамкIэ, шыгъажэм хагъэтын мурад яIэу шиплI иджыкIэ ягъэхьэзыр. Ахэр Кайкен, Урсус, Кинжал, Висмут сымэщ.

Утыкум итагъэххи яхэтщ. Апхуэдэщ Беркут хакIуэ цIэрыIуэм къыщIэхъуа, илъэсий ныбжьым ит Глок. Ар «Иппосфера» Дунейпсо шы гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ, дахэу зыкъигъэлъэгъуащ. ШыщIэхэри мымащIэу гуартэм яхэтщи, абыхэм дяпэкIэ зи цIэр жыжьэ Iунухэр къазэрыхэкIынум шэч къытетхьэркъым.

Зауэхэм, лъэпкъым къыщыщIа мыгъуагъэхэм яжь къыщIихуащ адыгэшым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Абы къыхэкIыу, нобэкIэ адыгэшым и бжыгъэр мин 15-м щIигъу къудейщ. Абыхэм ящыщу мин 11-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхъу. Гуапэщ ди адыгэ щIыналъэри къэбэрдеишыр гъэбэгъуэжын Iуэхум зэрыхыхьар. ИкIи догугъэ илъэс мин бжыгъэхэм къриубыдэу ди адэжьхэм къагъэщIа шы лIэужьыгъуэ лъэрыхьым зыщиужьыжын зэманыр къэсауэ.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.**

# Куэд зыщIэ, Iэджэ зыхузэфIэкI



**УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ илъэсым къриубыдэ и лэжьыгъэр къызэщIэпкъуэжу абыхэм я гугъу пщIыну гугъущ, хузэфIэкIар зэрыкуэдыщэм къыхэкIыу. И пIэ ису ищIэ литературэ, журналист лэжьыгъэм къыдэкIуэу ар жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыжщ, жыджэрщи, щIыпIэ куэдым нос, цIыхухэм сэбэп яхуохъу, тхыгъэ зэдзэкIыным хуэIэкIуэлъакIуэщ, Iуэху гъэщIэгъуэнхэм хэтщ. «Дауэ уи анэдэлъхубзэкIэ узэрытхэнур, ар щIыпIэ жыжьэхэми къыщацIыхун хуэдэу?» - аращ Заринэ и гупсысэр зытеухуар, икIи, гъуэгу техьэ тенэркъым, жыхуаIэм хуэдэу, а и гупсысэм гъуэгуанэ трешэ, дунейр зригъэлъагъуну, дэри дакъригъэцIыхуну Iэмал кърет...**

АБХЪАЗЫМ ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыдиIыгъри, а республикэм щекIуэкIащ «Рицэ и рифмэхэр» зи фIэщыгъэ лъэпкъыбзэ литературэ фестивалыр. Ар траухуат КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, усакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум. Заринэ къызэригъэпэщ «Усыгъэ къекIэрэхъуэкI» Iуэхум (проектым) хыхьэу ар япэу дыдэу ирагъэкIуэкIауэ щытащ 2018 гъэм. Рицэ гуэлыр къыхахащ илъэс къэс зэхашэ фестивалыр щрагъэкIуэкI щIыпIэу. ЩIыуэпсым и дахагъэм усыгъэм и курыхыр гущIэм нэхъри лъегъэIэс. Абы, хабзэ дахэ хъуауэ, щоIу зи бзэхэм зы лъабжьэ яIэ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я IэдакъэщIэкI усэ гъэщIэгъуэнхэр. Иужьрейм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я усакIуэхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр.

Мазае мазэм Нью-Дели (Индием) щекIуэкIа дунейпсо тхылъ жармыкIэм хэтащ Къаныкъуэ Заринэ, ди къэралым и лIыкIуэхэм ящIыгъуу. Абы утыку къыщрихьащ и усэ тхылъхэр, и IэдакъэщIэкIхэм къеджащ, и пьесэхэр щагъэува «Сыринэ» адыгэ ныбжьыщIэ театрым и лэжьыгъэм щигъэгъуэзащ. Апхуэдэуи Урысейм и дапхъэм телъащ романхэр, сабий литературэ, тхыдэм, бзэ щIэныгъэм, литературоведенэм теухуа тхылъхэр, Заринэ и IэрыкIхэр зэрыт антологиехэр. ЖармыкIэм и къызэгъэпэщакIуэ тхыдэдж, культуролог Эспарсэ Аннэ и редакцэм щIэту дунейм къытехьащ «Русская литература и современность» зыфIища монографиер. Абы итщ тхакIуэ 12-м, Зарини яхэту, я IэдакъэщIэкIхэр. Тхылъыр дунейм къытехьащ бзитIкIэ - урысыбзэрэ хиндикIэ - тхауэ.

Зи цIэ къыхэдгъэща «Сыринэ» ныбжьыщIэ театрым «Театральная завалинка» урысейпсо фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхуагъэфэщащ япэ увыпIэмрэ «Анэдэлъхубзэр зэрахъумэм папщIэ» и дипломымрэ. Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ хъумэным хуэгъэпса «Адыгэ дуней» жылагъуэ фондым къызэригъэпэща «Сыринэ»-м игъэлъэгъуащ Заринэ и «КъежэкI» пьесэмкIэ Къанкъул Ислъам игъэува спектаклыр. Илъэс щэщI хъуауэ ирагъэкIуэкI мы зэпеуэм иджы япэу щагъэлъагъуэу аращ лъэпкъыбзэкIэ ягъэува лэжьыгъэ.

Апхуэдэуи Заринэ, ди къэралым икIа цIыхуиплIым ящIыгъуу, хэтащ Кубэм и къалащхьэ Гаванэ щызэхаша тхылъ жармыкIэми. Ар и бжыгъэкIэ етхущIанэт. «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьын» Iуэхум хагъэхьа Заринэ абы и куратор хъуащи, и Iэ къызыпекIуэкIкIэ тхакIуэхэм ядэIэпыкъуну Iэмал иIэщ: ар я IэдакъэщIэкIхэр зэдзэкIынырщ, зыхуэфащэ антологиехэм ахэр хэгъэхьэнырщ, зэIущIэхэм кърихьэлIэнухэр щаубзыхукIэ и псалъэ жиIэнырщ, н. къ. Литературэм и жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэм (усыгъэм, сабий литературэм, драматургием, публицистикэм, лъэпкъ Iущыгъэм) хухэха антологиеу хы дунейм къытехьакIэщ, абдежми къыщыувыIэну я гугъэкъым. Ахэр зэхагъэувэ ди къэралым и щIыналъэ 60-м щIигъум я лIыкIуэхэр хэту. Зи гугъу тщIы «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьын» Iуэхум пщэрылъ къыщищIхэм ящыщ зыт жармыкIэм хэтыныр икIи абы гукъыдэжрэ гушхуэныгъэу къритар мы ди тхыгъэ кIэщIым къызэщIиубыдэфынкIэ Iэмал иIэкъым.

Къаныкъуэ Заринэ, зэрыжытIащи, и лъэр щеувэхам ящыщ зыщ Индиер. Лъэпкъ куэд щыпсэу, бзэ зэмылIэужьыгъуэу тIощIым щIигъукIэ щыпсалъэ къэралым и щIэныгъэлI нэхъыжьхэми нэхъ щIалэхэми нэIуасэ яхуэхъуну, я жыIэ щIэдэIуну, езым и псалъи яжриIэну, уеблэмэ адыгэбзэкIэ усэ къахуеджэну и насып кърихьэкIащ Заринэ. Абы ныбжьэгъу къыхуэхъуа егъэджакIуэ щIалэ Мор Гаурав къыжриIар фIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Къатибгъуу зэтет библиотекэм и еянэ къатым щIэлъ тхылъхэр псори урысыбзэкIэ тхащ. СССР-м и зэманым къэралитIым яIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ Индием тхылъхэр ирагъашэу зэрыщытам и фIыгъэщ ар. Абы щIэлъ лэжьыгъэхэр, тхылъыжь дыдэхэр къагъэсэбэп егъэджакIуэхэм, урысыбзэр зыдж студентхэм, аспирантхэм, а бзэр зыщIэ цIыхухэм.

Университетым урысыбзэ щезыгъэдж Сони Сайни икIи зэдзэкIакIуэщ. УрысыбзэкIэ тхахэр и хинди анэдэлъхубзэм, индие литературэр - урысыбзэм кърегъэзагъэ. ХиндимкIэ усэ зытх щIалэм урыс литературэр, щэнхабзэр зэрыфIэгъэщIэгъуэныр къегъэлъагъуэ урысыбзэкIэ тха IэдакъэщIэкIи зэриIэм. Иджы адыгэ тхакIуэ, усакIуэ Къаныкъуэ Заринэ и тхыгъэхэри хинди бзэмкIэ зэрадзэкI, илъэс дызытехьэм ахэр тхылъ щхьэхуэу къыдэкIынущ.

Мы гъэм и кIэхэм Къаныкъуэр аргуэру хэтащ Хьэрып Эмиратым илъэс къэс щекIуэкI тхылъ жармыкIэми. Шарджэ къалэм Заринэ ягъэкIуащ урысей лIыкIуэхэм хэту. И пщэрылъу щытар, япэхэми хуэдэу, Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэм щигъэгъуэзэнырт, къинэмыщIауэ, езыми и тхыгъэхэм щхьэхуэу тепсэлъыхьынырт. 2023 гъэр гуимыхуж хъуащ абы и дежкIэ - щэнейрэ дунейпсо утыку ирагъэхьащ къэралым ис лъэпкъ пщIы бжыгъэхэм я цIэкIэ. Адыгэ лъэпкъым дежкIи ар нэщэнэфIщ - япэ ищ цIыхум иужь къиувэн къыкъуэкIынщ, Тхьэм жиIэм...

2022 гъэм дунейм къытехьа «Хэку» усэ тхылъым и пшыхь ищIащ Заринэ. Зытеухуа елъытауэ лэжьыгъэхэр Iыхьитхуу гуэшащ, блэкIамрэ нобэмрэ теухуа гупсысэхэр къызэщIэзыкъуэхэр, езым и «сэ»-м хуэгъэзахэр, лъэпкъым и къэкIуэнум, ди бзэм ехьэлIа гукъэкIхэр зи лъабжьэхэр, тхыдэдж ЦIыпIынэ Аслъэн, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Заур сымэ фэеплъ яхуищIахэр. Усэ куэд яхуэгъэзащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Тхылъым ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэр зейр цIыхубэ тхакIуэ Нало Заурщ, Заринэ и IэдакъэщIэкIхэм я фIыпIэу хъуар наIуэ къищIу.

Заринэ итха киносценарийкIэ режиссёр Хьэмыкъуэ Олег триха «Гузэрыдзэ» адыгэ фильмыр ди къэралым и щIыпIэ куэдым щагъэлъэгъуащ, саугъэт зыбжани къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Чебоксары щекIуэкIа лъэпкъыбзэ фестивалым и гран-прийр, «ЯRUS» соцплатформэм и тыгъэр, цIыхум и хуитыныгъэм теухуа фильмхэм я «Сталкер» XXIX лъэпкъыбзэ фестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэмахуэм, урыс усакIуэ цIэрыIуэ Пушкин Александр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, Москва Пушкиным и цIэр зезыхьэ и утым щекIуэкIащ усэ пшыхь. А зэIущIэм хэтащ Урысейм ис лъэпкъхэм щыщ усакIуэу зи бзэкIэ тхэхэр. Абы къыщеджащ хантый, кърымтэтэр, юкагир, эрзян, якут, селькуп, адыгэ лъэпкъыбзэхэмкIэ тха IэдакъэщIэкIхэм. Адыгэбзэр къалащхьэм щигъэIуащ Заринэ. Абы ипэ къихуэу Ут Плъыжьым Заринэ къыщеджащ «Адыгэ джэгуакIуэхэр. Пасэм щыIамрэ нобэ зыхуэкIуамрэ» зи фIэщыгъэ лекцэм. Ар траухуат щIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж Нало Заур къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум, абы и «Институт джегуако» тхылъым.

ЖыпIэнурамэ, Заринэ и къару зыхилъхьа, и зэфIэкI къыщигъэлъэгъуа Iуэхухэр мы къедбжэкIам щиухыркъым. Адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ лъыхъуэ зэпыту псэу бзылъхугъэм иджыри мурад, хъуэпсапIэ куэд иIэщи, ди гуапэщ ахэр къехъулIэну.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# Нартхэр я гъуазэу

**Дунейпсо псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ «Нартхэр» зи фIэщыгъэ лIыхъужь эпосыр. Илъэс мин зыбжанэ хъуауэ къэгъуэгурыкIуэ нарт тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ IуэрыIуатэ къызэрыгуэкIыу уеджэныр мащIэIуэщ, сыту жыпIэмэ абы Iупщ1у къытощыж лъэпкъым къызэринэкI тхыдэ гъуэгуанэм и мызакъуэу, и хъуэпсапIэхэри, и гугъапIэхэри, дахагъэу къилъытэхэри, лъапIэныгъэу игъэувахэри. Апхуэдэу нарт эпосым къызэщIиубыдащ лъэпкъым щапхъэу къилъытэ щэнгъасэ мардэхэр. Ахэращ Адыгэ Хабзэм щыщ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм псыщIэгъэлъадэ яхуэхъур, гъэсэпэтхыдэхэр мымащIэу къызыхэкIыр. Нарт эпосым и къарур мыкIуэщIщ, абы и лъэкIыныгъэр ноби къызэрымыкIуэу инщ. Тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ къащIэIукI макъамэр гъэсэныгъэм дежкIэ апхуэдизкIэ абрагъуэщи, абы щIэблэр ирибгъэсэну уасэ иIэкъым. Апхуэдэущ ар лъэхъэнэ кIыхьхэм къызэрыкIуари, апхуэдэ къалэнщ зыхуигъэувыжар Арщыдан къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэми.**

МЫПХУЭДЭ Iуэху еплъыкIэ щыIэщ: зы лъэпкъ гуэр къэпцIыхуну ухуеймэ, и куцIыр зыхуэдэр, и дуней лъагъукIэмрэ дуней зыхэщIэкIэмрэ къэпщIэнумэ, игъэнэхъапэр бгъэунэхунумэ, а лъэпкъым и эпосыр бджыныращ псом япэр. НэгъуэщIхэм дыкъызэрацIыхуну адыгэ лIыхъужь Нарт эпосыр ди щIэблэми ящIэн зэрыхуейращ лэжьыгъэр зытетщIыхьар.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм игъэлажьэ «Къэухь» литературэ клубымрэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща зэхуэсыр теухуат нарт эпосым и жьауэр иджырей щIэблэм зэратридзэм, нарт лIыхъужьхэр щIалэгъуалэм я гъащIэм зэрыхэтым. Абы хуащIа фIэщыгъэмкIэ - «Си гум и гъунэгъу нарт лIыхъужь» жыхуиIэмкIэ - къызэгъэпэщакIуэхэр хущIэкъуащ ныбжьыщIэхэр уэршэрым хашэу, щхьэж и гум дыхьэ, и цIыху щIыкIэкIэ япэгъунэгъуу къалъытэ лIыхъужьхэм трагъэпсэлъыхьыну, абыхэм я дуней тетыкIэр нобэрей гъащIэм щекIуэкIымрэ щалъагъумрэ къырагъэшэлIэну.

ЗэIущIэм къекIуэлIащ Лэскэн щIыналъэм хыхьэ къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ я егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ. Нарт эпосым и курых Iуэхугъуэхэр яхузэпкърахыу, абы и уней щхьэхуэныгъэхэмкIэ ядэгуашэу ныбжьыщIэхэр зэхуэсым хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм я цIэр къиIуапхъэщ: ПхытIыкI Люсэ, БищIо Мафурэ, Къанло Iэминэ, Мэрзей Зое, Былымгъуэт Ритэ, Мэшыкъуэ Любэ, Безрокъуэ Аринэ, Шырыкъу Заремэ, Арахъэ Валентинэ, КъарэцIыкIу Анжелэ, Къарэ Жаннэ, Къуэкъуей Оксанэ, Былымгъуэт Жаннэ, Мэремыкъуэ Валентинэ, Мэремыкъуэ Ринатэ сымэ. Мыбыхэм лэжьыгъэшхуэ къызэранэкIащ сабийхэм нартхэр зыщыщыр ирагъэщIэн, лIыхъужь къэс и гъэхъагъэрэ и IуэхущIафэкIэ ялъэкIамрэ нарт дунейм цIэрыIуэ зэрыщыхъуамрэ гурагъэIуэн папщIэ. Шэч хэлъкъым: эпосым теухуа лэжьыгъэр къэIэта, нэсу зэгъэпэщыжа хъун папщIэ, егъэджакIуэхэр сабийхэм зэман кIыхькIэ ядэлэжьащ, икIи абы хэлъ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэдым гу лърагъэтащ.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм я гум лъэIэсын псалъэкIэ захуигъэзащ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат. Илъэс куэдкIэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыным, джыным телэжьа цIыхум къедаIуэхэм я деж нихьэсыфащ Нарт эпосым и лъапIагъыр, кууагъыр, дахагъыр. Табыщым и псалъэм къыхигъэщащ адыгэхэр дунейм къызэрыщацIыху и къэгъэщIыгъэхэм «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосыр зэращыщыр, абы и хъыбар Iэджи хамэ лъэпкъхэм я деж нэсауэ зэрыщытыр. Апхуэдэу Мурат ныбжьыщIэхэм яхуиIуэтэжащ Къущхьэ ТIуащIэм (Черногорием) зэгуэр егъэзыгъэкIэ къыщыщIидза адыгэхэм я тхыдэр къихутэжыну кIуэгъа тхакIуэ цIэрыIуэ Къандур Мухьэдин зыхуэза лIыжьым адыгэхэм яхицIыхукIым теухуауэ щеупщIым, хьэщIэщ хабзэрэ «Нартхэр» зи фIэщыгъэ тхыдэжь хьэлэмэтхэмкIэ абыхэм къатекIуэ а щIыналъэм нэгъуэщI зыри имысауэ къызэрыжриIам ехьэлIа хъыбарыр.

«ЦIыху нэс къэбгъэхъунумэ, шэрджэсхэм я хьэщIэщ зэ щIыхьэ, псэлъэкIэ нэс зэбгъэпэщынумэ, шэрджэсхэм я хъыбархэм зэ едаIуэ», - жаIэу щыташ черногор лIыжьхэм. Адыгэхэм ящIэупщIэ Къандур Мухьэдин езыр а лъэпкъым зэрыщыщыр къыщищIэм, къэтэджри IэплIэ къришэкIыгъат дадэм... Мис апхуэдэ гуащIэ хэлъащ ди адэжьхэм къытхуагъэна щэнхабзэм, пыухыкIауэ жыпIэмэ «Нартхэр» лIыхъужь эпосым.

НыбжьыщIэхэр гуп щхьэхуэ хъури, дэтхэнэри хэхауэ зы нарт лIыхъужь тепсэлъыхьащ, пшыналъэхэм щыщ пычыгъуэхэм гурыхь дыдэу къеджащ, нарт хъыбархэм щыщ тепсэлъыхьыжащ. ГъэщIэгъуэн хъуат Мэлычыпхъурэ нарт Пэныкъуэрэ къыхаха теплъэгъуэу Хьэтуейрэ Къугъуэлъкъуейрэ къикIа еджакIуитIым утыку кърахьар.

Тхылъаджэм и щхьэпагъыр нэхъ куу ищIащ сурэтыщI цIэрыIуэ, гупсысакIуэ, Нарт эпосыр зыдж Црым Руслан къызэреблэгъам, еджакIуэхэм я къэухьым зезыгъэужьын еплъыкIэ зэрахухщIигъуам. Руслан и еплъыкIэхэр философие куукIэ гъэнщIащ. Абы къыгурыIуэрт нартхэр зэзыгъэцIыху ныбжьыщIэхэм гупсысэшхуэ зыхэлъ Iуэхугъуэхэр ябгъэдэплъхьэмэ, IукIуэтынкIэ зэрыхъунури, адыгэбзэ щабэкIэ, сабийхэм я ныбжьым хуэкIуэ псэлъэкIэкIэ ахэр зэпкърихащ, гуп къэс я къэIуэтэкIэми хэлъ фIагъыр къыхигъэщурэ и Iуэху еплъыкIэхэр ябгъэдилъхьащ. Црым Руслан зэIущIэр зэригъэдэхам, и мыхьэнэр къызэриIэтам шэч хэлъкъым.

Къыхэгъэщын хуейщ Iуэхур тэмэму зэфIэха хъуным Лэскэн щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэмрэ Аргудан къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэмрэ я фIагъышхуэ къызэрыкIуар. Апхуэдэу зэхуэсыр къызэгъэпэща хъуным хэлIыфIыхьащ Атэлыкъ Алмирэ, Дол Иринэ, БищIо Мафурэ сымэ. «Узэкъуэтмэ, улъэщщ», - жыхуиIэращи, щхьэж къылъысымкIэ зэкъуэувэри, Iуэху дахэр дэха хъуащ.

ЗэIущIэр иуха нэужь, еджакIуи егъэджакIуи хэтахэм я ФIыщIэ тхылъхэр яIэрыхьэжащ.

Хэкупсэ зиIэ щIэблэ узыншэ къыпщIэхъуэныр зэпымычу зытелэжьэн хуей Iуэхугъуэщ. Абы зы дакъикъи зи нэIэ темыкI егъэджакIуэхэм лъэпкъым хуащIэ Iуэхутхьэбзэр къэлъытэгъуейщ. ЕкIуэкIа Iуэхум къигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм къаруушхуэ зэрытекIуадэр, ауэ абы узыщыгуфIыкIыжын щIэныгъэрэ есэныгъэрэ къызэрыхэкIым.

«Нартхэр зи гъуазэ лъэпкъым и къэухьыр инщ, и зэфIэкIыр лъагэщ, жыжьэ нос. Зэхуэсым кърихьэлIа щIалэгъуалэм, екIуэкIа псалъэмакъым ипкъ иткIэ, къагурыIуауэ къысщохъу, нартхэм дэ дыкъызэрахъумам хуэдэу, я къэрэгъул дыхъумэ, гупсысэкIи, щIэныгъэкIи, дуней лъагъукIэкIи къытлъэщIыхьэ щымыIэу зэрыдузэщIынур, жыжьэ дызэрынэсынур», - жиIащ зэIущIэм и кIэухыу, ар езыгъэкIуэкIа ХьэцIыкIу Рае, зэхихамрэ илъэгъуамрэ гугъэрэ гукъыдэжрэ къызэрыратар къыхэщу.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

# ЕгъэджакIуэ, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэ




**2023 гъэм и кIэм нэблэгъащи, зэрыхабзэу, IэнатIэ псоми щроплъэж блэкIа илъэсым къриубыдэу зыIэрагъэхьэфа ехъулIэныгъэхэм, зыхунэмысахэм, къэкIуэну лъэхъэнэми хуэщIа мурадыщIэхэр зыхуагъэувыж, къалэнызщIэхэри яубзыху. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Мыз Залинэ къызэрилъытэмкIэ, анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджынымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр иIэу IэнатIэр Илъэсыщ Iэм тохьэ. Дауи, ахэр зэпхар ди егъэджакIуэ пашэхэм я цIэхэращ. Абыхэм я лэжьыгъэфIхэмрэ ябгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмрэ мы гъэми щагъэлъэгъуащ урысейпсо утыкум, ди гуапэ зэрыхъущи, текIуэныгъэхэри къыщахьащ.**



ЗИ ГУГЪУ тщIы къэралпсо зэпеуэр, Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ Урысейпсо мастер-классыр, мы гъэм епщыкIуиянэу къызэрагъэпэщащ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къалащхьэ Черкесск щызэхаша а зэхьэзэхуэм ирагъэблэгъащ УФ-м хыхьэ субъектхэм гъатхэм щекIуэкIа щIыналъэпсо Iыхьэм щытекIуа егъэджакIуэхэр. Къэралпсо утыкум ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщащ ди лъахэгъу адыгэ бзылъхугъэ екIу, Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу жылэм дэт курыт школ №3-м (унафэщIыр Гъуэгунокъуэ Владиславщ) пэщIэдзэ классхэр щезыгъаджэ КIущ Iэсият. Къэралпсо зэхьэзэхуэм екIуэлIа егъэджакIуэ 70-м щIигъум къыхагъэбелджылыкIа нэхъыфIитхуми яхэхуащ Iэсият, абы и лауреати хъуащ.

УнэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ зэхьэзэхуащ егъэджакIуэхэр. «Методикэ мастерской» унэтIыныгъэм хэту, КIущ Iэсият наIуэ къищIащ и дерсхэм нэхъыбэу къыщигъэсэбэп лэжьэкIэ мардэхэр, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ бгъэдэлъ Iэзагъымрэ IэкIуэлъакIуагъымрэ щыхьэт техъуэ Iэмалхэр щIыгъужу. Псом хуэдэжтэкъым КIущым кIэух зэхьэзэхуэм щита дерс зэIухар. ИмыцIыху сабий гупым ядригъэкIуэкIами, КIущым абы Iэзэу хиухуэнат ди лъэпкъ хабзэри, щIыналъэм и теплъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъыкIэхэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэри. Сабийхэми, егъэджакIуэм къахуиIэ мурадымрэ хъуэпсапIэмрэ гурэ псэкIэ зыхащIэ хуэдэу, дерсым акъылыфIэу хэтащ. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэ купщIафIэм къыпэкIуа фIыгъуэхэм ящыщщ ди лъахэгъу егъэджакIуэ Iэзэр, щIэблэм я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэр анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурызылъхьэ, абы и IэфIыр зыхезыгъащIэ лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зэрыхалъытар. Бгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэфIым пщIэ лъагэрэ гулъытэ инрэ къэралым щызыгъуэта КIущ Iэсият зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъыр кърита щ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей.

- Зэпеуэр къызэрагъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ абы и федеральнэ IуэхущIапIэм Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и институтымрэ. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр, урысыбзэри хэту, хъумэным сэбэп хуэхъунырщ, лъэпкъ щэнхабзэхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнырщ, къэралым и цIыхубэм яку дэлъ пщIэр, зэхущытыкIэ дахэр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ, - жеIэ КIущым, зэпеуэ хьэлэмэтым тепсэлъыхьыжу. Зэпеуэм хэта дэтхэнэ зыми гукъинэж тщыхъуащ а махуэхэр. Ди лэжьыгъэм щхьэпэ хуэхъун щIэ куэд къыщытщIащ абы, ди Iуэху зехьэкIэхэмкIи дызэдэгуэшащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт а текIуэныгъэр си щхьэ закъуэ текIуэныгъэу къызэрызмылъытэр: ар ди зэхуэдэщ абы сыхуэзыгъэхьэзырахэми, хэта ныбжьыщIэхэми, ди школым и унафэщIхэми, сэри.

Пэжу, КIущым и ехъулIэныгъэщIэм псори щыгуфIыкIащ, псом хуэмыдэу и гъэсэн цIыкIухэр, школым къыщыдэлажьэхэмрэ абы и унафэщIхэмрэ.

- Ди еджапIэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ящыщщ КIущ Iэсият. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хуэIэижьу дапщэщи зыкъэзыгъэлъагъуэ Iэсият зыпэрыт IэнатIэм къигъэув къалэнхэр зэфIэхыным творческэу бгъэдохьэ. Абы лэжьыгъэм шэщIауэ къыщегъэсэбэп еджэным къыхыхьэ технологиещIэхэр, - жеIэ КIущыр зыщылажьэ школым и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Къудей Иринэ. - ЕгъэджакIуэм и зэфIэкIыр езыгъэлъагъужыр, и лэжьыгъэм и хъерыр къызэрилъытэр и предметымкIэ и гъэсэнхэм яIэ щIэныгъэращи, ди IуэхущIапIэм и щIыхьыр утыкушхуэхэм щIэх-щIэхыурэ щызыIэт егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэщ ари и нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэри: ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьэу КIущри и еджакIуэхэри мызэ-мытIэу хэтащ Аруан щIыналъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм. Дрогушхуэ икIи дропагэ ди лэжьэгъум урысейпсо утыкум щызыIэригъэхьа текIуэныгъэм икIи дохъуэхъу и Iуэху дэкIыу, узыншэу иджыри IэнатIэм пэрытыну.

Адыгэбзэр хъумэным, абы зегъэужьыным псэ зэIухакIэ хуэлажьэ, щIэблэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным къыхуезыджэ егъэджакIуэ щыпкъэм, дахагъэм хуэзыгъэуш, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ къыщIэзыгъэтаджэ унэтIакIуэ Iэзэм, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэм дяпэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэригъэхьэнум, и еджакIуэ цIыкIухэм я псэр литературэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ нэхъри хуэзэIуха зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Лъэпкъыр хъума хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэм хьэлэлу телажьэ мымащIэу зэрыдиIэми ди гур зэрыдыхэхъуэри хьэкъщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# УнэтIыныгъэ 22-рэ къызэщIеубыдэ




**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ клиникэ сымаджэщ Налшык дэтым ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу илъэс куэд щIауэ мэлажьэ. Абы хеубыдэ ТравматологиемкIэ щIыналъэ центрыр, ЛъынтхуэхэмкIэ щIыналъэ центрыр, поликлиникэр, травматологие къудамэр. КIэщIу жыпIэмэ, унэтIыныгъэ 22-рэ къызэщIеубыдэ абы и лэжьыгъэм. Абыхэм ящыщу иужьрей зэманым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ травматологиемрэ ортопедиемрэ. Иджы Травматологие центрым зэрызрагъэубгъуам и фIыгъэкIэ, сымаджэхэр Урысейм и къалэшхуэхэм я медицинэм щымыгугъыу, мыбдежи щагъуэтыфынущ зыхуэныкъуэ псори.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы Травматологие центрыр щIыналъэ сымаджэщым и зы къудамэу къызэрагъэпэщауэ щытащ 2013 гъэм. А лъэхъэнэм абы хиубыдэрт травматологиемрэ фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къудамэмрэ. IуэхущIапIэм и япэ унафэщIу щытащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, травматолог-ортопед Бер Руслан. Центрым ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу илъэси 10-кIэ лэжьащ. 2023 гъэм унафэ ящIат ар зыхуей хуагъазэу и Iэмалхэм зрагъэубгъуну. Апхуэдэу, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм къигъэува къалэнхэр ягъэзащIэу, лэжьыгъэшхуэхэр зэтраублащ.

- НэхъапэIуэкIэ апхуэдэ Iэмал диIакъым, центрым зедгъэужьыну, абы щедмыгъэкIуэкIыу щыта операцэхэр щытщIыну. Къудамэм и унафэщIыр яхъуэжри, а къалэныр и пщэ дальхьащ травматолог-ортопед Безрокъуэ Лиуан. Илъэсым къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ къудамэм: ар зытет къатыр зрахьащ, нобэрей медицинэм къигъэув мардэхэм къезэгъ техникэмрэ иужьрей Iэмэпсымэхэмрэ зэдгъэпэщащ, гъуэлъыпIэхэм къыхэдгъэхъуащ, дохутырхэм я бжыгъэм хэдгъэхъуащ. Арати, нэхъапэIуэкIэ тхуэщIыну, ауэ Iэмал зыхудимыIа операцэхэр куэду щедгъэкIуэкI хъуащ. Псалъэм папщIэ, къупщхьэ зэхъуэкIхэр, протезированэ жыхуаIэхэр, - жеIэ щIыналъэ сымаджэщым и унафэщIым хирургиемкIэ и къуэдзэ Шэрдан Зураб.

ЗэрыжаIэмкIэ, Травмацентрым зегъэужьыныммрэ ар Iэмэпсымэщ IэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ хуаутIыпща мылъкур езы сымаджэщымрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ я бюджетым къыхагъэкIащ.

- Иджы цIыхум и дамэ, шхужь, лъэгуажьэ зэрытыпIэхэр тхузохъуэкI, артроскопие тхуощI. Къищынэмыщ Iауэ, операцэр зэмызэгъыу абы уз лей хэзыхахэми деIэзэну зэфIэкI диIэщ. А псори къыщIызэдгъэпэщар ди цIыхухэр, нэгъуэщI къалэхэм, къэралхэм дэIэпыкъуэгъу щымылъыхъуэн, операцэ щыхуащIыну пIалъэм мазэ бжыгъэкIэ, уеблэмэ илъэскIэ ежьэу я зэманыр ямыгъэкIуэн папщIэщ. Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ псори мыбдеж щагъуэтынущ дяпэкIэ: дэ Iэмэпсымэкlэ дызэщIэузэдащ, абыхэм хуэIэкIуэлъакIуэ дохутыр щIалэхэр ди куэдщ, - жеIэ Травматологие центрым и унафэщI Безрокъуэ Лиуан.

- НобэкIэ зыгуэр къыдэхъулIами, ар зи фIыщIэр республикэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Тет Хьэсэнбийрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэщ. Министрым къыхилъхьат апхуэдэ медицинэ IуэхущIапIэ диIэн зэрыхуейр икIи унафэ къытхуищIат абы лэжьыгъэу пыщIар зыхуэдэнур гъэбелджылауэ и пащхьэ итлъхьэну. Центрым зегъэужьыным пыщIахэр дызэхыхьэщ, дызыхуэныкъуэ псори дгъэхьэзырри министрествэм едгъэхьат. Тхыгъэм Iэ къытрадза нэужь, икIэщIыпIэкIэ лэжьыгъэр зэтедублэри, центрыщIэр къызэдгъэпэщащ. Къыхэзгъэщынущ нэгъабэ илъэс псом едгъэкIуэкIа операцэ бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэ иужьрей мазиплIым къриубыдэу зэрытщIар, - пещэ Шэрданым.

Травматологие центрым и унафэщI Безрокъуэ Лиуан зэрыжиIэмкIэ, илъэс къэс ди щIыналъэм цIыхухэр щэ бжыгъэкIэ йокI, нэгъуэщI къалэхэм, къэралхэм операцэ щрагъэщIыну. Абы и закъуэкъым, а здэкIуэхэм ираджэн папщIэ мази 4 - 8-кIэ щыпэплъэ щыIэщ. Иджыпстуи цIыхухэр республикэм йокI мыбдеж апхуэдэ дыдэ операцэ зэрыщрагъэщIыфынум зэрыхамыщIыкIым къыхэкIыу.

- Иужьрей мази 4-м къриубыдэу ди Травмацентрым цIыху 40 операцэ щытщIащ, Урысейм и къалэшхуэхэм кIуэуэ абы щрагъэщIын я гугъауэ, ауэ мыбдежи апхуэдэ IуэхущIапIэ зэрыщыIэр къащIэу къыщызэтеувыIауэ. Абы и закъуэкъым, иджыри цIыхуи 137-рэ я чэзум йожьэ, ауэ мазэ пIалъэ нэхъ кIыхь къыхэкIынукъым. Пэжщ, Урысей Федерацэм щалъхуа дэтхэнэ зыри хуитщ къэралым и сыт хуэдэ сымаджэщи щIэгъуэлъхьэну. Апхуэдэхэм дэ тхылъымпIэ етту, зытраухуа сымаджэщхэм дунэтIыну ди къалэнщ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, щIыналъэ сымаджэщым апхуэдэ операцэхэр ящIу зэраублам щыгъуазэхэр ди деж къогъуэлъри, пщIэншэу, мазэ бжыгъэкIи ежьэурэ узыр хамыгъэтIасэу операцэ дощI, - егъэбелджылы центрым и унафэщIым.

Безрокъуэм зэрыжиIэмкIэ, абы деж травмпунктым сымаджэр къокIуэри, зрегъэплъ. Ар операцэ хуэныкъуэмэ, гъэгъуэлъын хуеймэ зэхагъэкI, и Iуэху зэрахуэ. Гу лъытапхъэщ републикэм япэ дыдэу плазмэ щIыIэ сэкIэ дамэ зэрытыпIэр операцэ ящIыну зэрызагъэхьэзырыр.

А псоми къыдэкIуэу щIыналъэ сымаджэщым и пщIантIэм унэщIэ дащIыхь, УЗИ, МРТ, КТ, реанимацэ, операцэ щащI, дохутыр зэмылIэужьыгъуэхэр щылажьэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэ къудамэм яхухэхауэ. ЗэрыжаIэмкIэ, цIыху сымаджэм и Iуэхур а псом дагъэпсынщIэнущ

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Жылагъуэ Іуэхухэм хуэжыджэрхэр

**Вэрокъуэ Владимир и цІэр зезыхьэ Щэнхабзэмк Іэ фондым щагъэлъэпІащ илъэсым къриубыдэу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэхэу ехъулІэныгъэ зиІахэр.**

- Хабзэ зэрыхъуауэ, ди ІуэхущІапІэм зэныбжьэгъухэр щызэхуос, ди гъунэгъуу псэу лъэпкъхэм я дунейм зыщыдогъэгъуазэ. Мы гъэм къриубыдэу фондым апхуэдэ зэхыхьэ 68-рэ иригъэкІуэкІащ. Ахэр щхьэпэ хъуащ зэгъунэгъуу псэу лъэпкъхэр нэхъыфІу зэрыцІыхунымкІэ, - жиІащ ЩэнхабзэмкІэ фондым и унафэщІ Мэкъуауэ Люазэ. - Псом хуэмыдэу къыдэхъулІащ «Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур» лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр. Республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм къадэкІуэу абы студентхэри къыхэтшащ. КъищынэмыщІауэ, ЩэнхабзэмкІэ фондыр щытекІуащ КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа «Мылъку къегъэщІыным пымылъ ІуэхущІапІэ нэхъыфІ» зэпеуэм. Илъэс 35-м щІигъуауэ зым и лъэпкъ щэнхабзэм адрейр хыдогъэгъуазэ. Ди къалэн нэхъыщхьэр а псом щІэблэр щІэтпІыкІынырщ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэ дахэхэр, пщІэр, нэмысыр едгъэщІэнырщ.

ЩэнхабзэмкІэ фондым и щІыхь тхылъыр иратащ мыбы иригъэкІуэкІхэм жыджэру хэтхэр. Апхуэдэхэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, «Алан» ІуэхущІапІэр, «Нартан» хорыр, Налшык къалэм Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ и курыт еджапІэ №2-р, «Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур» фестивалыр езыгъэкІуэкІа, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Дым Елдар, щэнхабзэ Іуэхухэм зегъэубгъунымкІэ «Мирт» центрым и унафэщІ Уэрдокъуэ Юлэ, нэгъуэщІхэри.

Лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр къызэзыгъэпэщахэм, жыджэру хэлэжьыхьахэм, илъэс куэдкІэ абыхэм я унафэщІу щытахэм псалъэ гуапэхэр хужаІащ. Щапхъэщ «Вече» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ къулыкъур илъэс куэдкІэ езыхьэкІа Канунников Анатолэ. Иджыпсту абы и пІэм иуващ Литвинов Роман. Хъыбарегъащ Іэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу ягъэлъэпІащ РИА КъБР ІуэхущІапІэм и корреспондент Верниковская Юлэ, лъэпкъ зэхущытыкІэхэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэфІхэр зэрыхуищІам, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэщІэрэщІэжыным, абыхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэным жыджэру зэрыхэтым папщІэ.

«Кодумаа» эстон щэнхабзэ центрым и унафэщІ Романи Марет Мэкъуауэ Люазэ ирытыжащ эстон консул Миллер Расмус и Іэ зыщІэлъ щІыхь тхылъыр, эстон хабзэхэр хъума хъуным хэлъхьэныгъэфІхэр зэрыхуищІым папщІэ. Консулым къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ УФ-м и цІыхубэ артисткэ Гъэсашэ Наталье, «Озорницы» къэфакІуэ гупым и художественнэ унафэщІ Мэз Светланэ, «Шагъдий» ансамблым и унафэщІ Унэжокъуэ Заремэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**



# «Аврора» лигэм и ещанэ Іыхьэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ, Санкт-Петербург къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ щІалэгъуалэм дзюдомкІэ я дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. Ахэр хуэунэтІауэ щытащ Олимп джэгухэм я чемпион Хайбулаев ТІахьир и саугъэтыр къэхьыным икІи «Аврора» лигэм и зэпеуэм и ещанэ Іыхьэт.**

САУГЪЭТЫМ щІэбэнащ Урысей Федерацэм, Белоруссием, Алыджым, Къэзахъстаным, Монголием, Узбекистаным я бэнакІуэ 1700-м нэблагъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр яхъумэу зэхьэзэхуэхэм хэтащ дзюдоист 15 икІи зэфІэкІыфІхэр къагъэлъэгъуащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ щыбэна гупхэм япэ увыпІэр къыщахьащ Байрамкулов Алимрэ (кг 55-рэ) Щад Дилианэрэ (кг 63-рэ). ЕтІуанэ хъуащ Къущхьэ Темырлан (кг 66-рэ).

ТекІужь Астемыр (кг 81-рэ), Хъуран Къантемыр (кг 60), КІуж Темырлан (60), Іэрыпщэ Къантемыр (кг 55-рэ), Къуэдзокъуэ Иланэ (кг 44-рэ), Хъуран Каринэ (кг 48-рэ) сымэ ещанэ увыпІэр къахьащ.

Командэм и тренерхэр Иванов Дмитрий, Апхудэ Анзор, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Джэданэ Залым сымэщ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**





# Пщащэ лъагъугъуафІэ, спортсмен бэлыхь

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ипэкІэ зэи къыщымыхъуауэ адыгэ бзылъхугъэ, пщащэ лъагъугъуафІэ, спортсмен бэлыхь Бекъул Миланэ, хьэлэмэтращи, адыгэ щІыналъэм - Адыгэ Республикэм щыІэу - тхэквондомкІэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лІэужьыгъуэмкІэ) Урысей Федерацэм и чемпионату мы гъэм, Мейкъуапэ щекІуэкІам япэ увыпІэр къыщихьащ. Абы къыдэкІуэу тхэквондомкІэ дунейпсо классымкІэ спортым и мастер цІэ лъапІэри къыфІащащ, ари ди республикэм щыяпэу. Миланэ и ныбжькІэ щІалэ щхьэкІэ хузэфІэкІащ къэралым и командэ къыхэхам хыхьэн, икІи и хьэлъагъ елъытауэ зыкъыщигъэлъагъуэ килограмм 46-рэ хъу гупым я деж бжьыпэр УФ-м щиІыгъщ.**

АДЫГЭ пщащэ цІыкІум тхэквондом щиІэ ехъулІэныгъэхэм уатепсэлъыхьын щІэбдзэмэ, зэрыжаІэу, махуэней пхутегъэкІуэдэнущ. Медалрэ кубокыу Миланэ иІэр щэ бжыгъэм зэрынэхьэсащ. Адрей илъэс блэкІахэмкІэ умыІэбэжу, мы гъэ къудейм дунейпсо утыкушхуэхэм абы щыхузэфІэкІахэр къыхэбгъэщмэ, Африкэм щыІэ Сенегал къэралым и къалащхьэ Даккар бадзэуэгъуэм щекІуэкІа «Гран-при» зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщихьащ. Абы иужькІэ екІуу хэтащ Франджым и къалащхьэ Париж и «Гран-при» зэпеуэм, иужькІэ Мейкъуапэ щекІуэкІа УФ-м и чемпионатым щытекІуащ, а псом ищІыІужкІэ, щэкІуэгъуэ мазэм, къэралым и командэ къыхэхам хэту Белоруссием и «Кубок зэІухам» япэ щыхъуащ.

Езы хъыджэбз ІэмащІэ-лъэмащІэ цІыкІур щыплъагъукІэ, апхуэдэ къарурэ ерыщагъырэ абы къыкъуэкІыну уи фІэщ пхуэщІыркъым. Зэхьэзэхуэхэм Миланэ къыщыпэщІэтхэр зы щхьэкІэ нэхъ лъагэщ, ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу зэкІэлъхьэужьыу ахэр трегъэкІуэт. Европей къэралхэм «танк цІыкІу» къыхужаІэ Миланэ, абы и зэфІэкІыр здынэсыр ящІэри.

Тхэквондом зэрыхыхьам, а спорт лІэужьыгъуэр къыщІыхихам теухуауэ Миланэ жеІэ: «Илъэсибл сыщыхъум сэ сщІэрт ар зищІысыр. Зэгуэрым телевизорымкІэ сеплъат зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІым икІи къызгурыІуащ сэ абы нэмыщІ нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэкІэ зызгъэсэну сызэрыхуэмейр. Къафэми, художественнэ гимнастикэми сахуеплъэкІыжакъым абы иужькІэ. Мурад сщІащ тхэквондом ехъулІэныгъэхэр щызыІэрызгъэхьэну. СыщІэхъуэпсырт утыкушхуэм ситу си цІэкІэ къэрал гимныр къеуэу зэхэсхыну», - жеІэ Миланэ.

ЗригъэхъулІащ адыгэ пщащэ цІыкІум и хъуэпсапІэр: абы и щІыхькІэ утыкушхуэ Іэджэми мызэ-мытІэу къыщеуащ къэралым и гимныр. Илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІауэ Испанием щекІуэкІа зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр щиубыда нэужь, Миланэ жиІат, сыт хуэдэ лъагапІэми удэкІуеинри зэрыгухэхъуэр, ауэ езым и плъапІэ нэхъыщхьэу щытыр къэралым и командэ къыхэхам хэхуэныр, Олимп джэгухэм хэтыныр зэрыарар.

Миланэ иджыпсту зыщегъасэ республикэм и Кенжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и тренер нэхъыщхьэ Ахъмэт Амир и деж. Тренер губзыгъэм, набдзэгубдзаплъэм, зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІым занщІэу гу къылъитат хъыджэбз цІыкІум. Ар япэу щилъэгъуам щыгъуэ, шэчи къытрихьатэкъым, ерыщу зигъасэу щытмэ, лъагапІэ нэхъ ин дыдэхэр Миланэ къызэрыхуэщтэнум, икІи щыуакъым.

«Тренерым и ІэщІагъэм хищІыкІыу щытмэ, спортсменым дежкІэ ар ехъулІэныгъэшхуэщ. Ахъмэт Амир хуэдэ тренер гъуэтыгъуейщ. Ар цІыху хьэлэмэтщ икІи гъэсакІуэ Іэзэщ. Си фІэщ мэхъу абырэ сэрэ лъагапІэ куэд иджыри къызэрытхуэщтэнур», - жеІэ езы Милани.

Жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту къэралым кърахщІылІа дэкъузэныгъэхэм я Іэужьу, ди спортсменхэр хуиту утыку ихьэжыфыркъым, ауэ тхэквондомкІэ зызыгъасэхэм ар щхьэщахащ икІи абыхэм хуитыныгъэ кърататащ зэхьэзэхуэхэм хэтыну.

Дыгугъэнщ Бекъул Миланэ и щІыхькІэ къэралым и гимныр Олимп джэгухэм я утыкум къыщеуэну, и тренер Ахъмэт Амиррэ езымрэ я хъуапсапІэр къайхъулІэну. Дэ тщІэращи, ар гукІи псэкІи абы хуэхьэзырщ, шэчи къытетхьэркъым, апхуэдэ Іэмал кърату щытмэ, ар зэрызригъэхъулІэнум.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Ленинымкъалэ и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.625
Заказ №2805